








W
✓
DE HEILIGE SCHRIFT,

OF

AL DE BOEKEN

DES OUDEN EN NIEUWEN TESTAMENTS

IN HET SOENDANEESCH.




KITAB SOETJI.

HARTOSNA

SADAJANA KITAB

ANOE KASĒBAT

PĒRDJANGDJIAN LAWAS SARĒNG PĒRDJANGDJIAN ANJAR.



Uitgegeven door het Nederlandsch Bijbelgenootschap.

AMSTERDAM.

1891.

PĚR DJANG DJIAN LAWAS.

HARTOSNA

SADAJANA KITAB

ANOE KASĚBAT

TĖRET, DJABOER SARĚNG PARA NABI



Uitgegeven door het Nederlandsch Bijbelgenootschap.

AMSTERDAM.

1891.

IJEU EUSINA KITAB PĚRDJANGDJIAN LAWAS.

	Rejana pasal
1. Kitab kahidji ti Moesa	50.
2. Kitab kadoewa ti Moesa	40.
3. Kitab katiloe ti Moesa	27.
4. Kitab kaopat ti Moesa	36.
5. Kitab kalima ti Moesa	34.
6. Kitab Josoen	24.
7. Kitab Para Hakim	21.
8. Kitab Roet	4.
9. Kitab kahidji ti Samoeël	31.
10. Kitab kadoewa ti Samoeël	24.
11. Kitab Para Radja noe kahidji	22.
12. Kitab Para Radja noe kadoewa	25.
13. Kitab Babad noe kahidji	29.
14. Kitab Babad noe kadoewa	36.
15. Kitab Esra	10.
16. Kitab Nĕhemja	13.
17. Kitab Ester	10.
18. Kitab Ajoeb	42.
19. Kitab Djaboer	150.
20. Kitab Siloka Soeleman	31.
21. Kitab Goeroe	12.
22. Makoeta Poepoedjian, damĕlan Soeleman.	8.

	Rejane pasal
23. Kitab Jěsaja	66.
24. Kitab Jěrmia	52.
25. Njanjian nalangsa, damělan Jěrmia	5.
26. Kitab Jěheskel	48.
27. Kitab Daniěl	12.
28. Kitab Hosea	14.
29. Kitab Joěl	3.
30. Kitab Amos	9.
31. Kitab Obadya	1.
32. Kitab Joenoes	4.
33. Kitab Mika	7.
34. Kitab Nahoem	3.
35. Kitab Habakoek	3.
36. Kitab Sěpanya	3.
37. Kitab Hagai	2.
38. Kitab Djakaria	14.
39. Kitab Malaki	4.

KITAB KAHIDJI TI MOESA,

NOE KASĒBAT

KITAB HAL NGADJADIKEUN.

PASAL 1.

Dina mimitina Allah ngadjadikeun la-
ngit, djeung boemi. ^a 'Dĕmi boemi
teja asalna soewoeng sarta kosong,
djeung poĕk di loehoereun sagara, sarta
Roh Allah ngalajang di loehoereun tjai
teja. ^b 'Tidinja Allah nimbalan: Sing
djadi tjaang! Braj djadi tjaang. ^c 'La-
djĕng Allah ningali eta tjaang hade, sarta
Allah misahkeun antara tjaang djeung
poĕk. 'Ari eta tjaang koe Allah dinga-
ranan Beurang, sarta eta poĕk koe an-
djeunna dingaranan Peuting. Harita
geus djadi sore sarta geus djadi isoek,
poĕ noe kahidji. ^a Ibr. 11:3. ^b 2 Petr. 3:5.
^c 2 Kor. 4:6.

⁶ Tidinja Allah nimbalan: Sing aja pi-
pinding dina tĕngah-tĕngah tjai, sarta
eta teh sing matak misahkeun antara
tjai djeung tjai deui. 'Ladjĕng Allah
ngadamĕl eta pipinding, sarta misah-
keun antara tjai anoe sahandapeun
pipinding reudjeung tjai anoe saloe-
hoereun pipinding teja. Nja kitoe dja-
dina. 'Ari pipinding teja koe Allah
dingaranan Langit. Harita geus djadi
sore sarta geus djadi isoek, poĕ noe
kadoewa.

⁹ Tidinja Allah nimbalan: Tjai anoe
sahandapeun langit sing koempoel kana
sahidji ĕnggon, sarta sing katembong
toehoerna. Nja kitoe djadina. 'Ari toe-

hoerna teja koe Allah dingaranan Da-
ratan, sarta pakoempoelan tjai teja koe
andjeunna dingaranan Laoetan. Ladjĕng
¹¹ Allah ningali eta hade. 'Tidinja Allah
nimbalan: Daratan sing ngabidjilkeun
djoedjoekoetan, lalab-lalaban anoe nga-
djadikeun sisikian, kitoe deui tatang-
kalan noe boewahan, anoe baroewahan
saadat-saadatna, anoe sarikian di djĕ-
rona dina daratan. Nja kitoe djadina.
¹² 'Ari darat teh toeloej ngabidjilkeun
djoedjoekoetan, lalab-lalaban anoe nga-
djadikeun sisikian saadat-saadatna, ki-
toe deui tatangkalan noe baroewahan,
anoe sarikian di djĕrona saadat-saadat-
na. Ladjĕng Allah ningali eta hade. 'Ha-
rita geus djadi sore sarta geus djadi
isoek, poĕ noe katiloe.

¹⁴ Tidinja Allah nimbalan: Sing aja
damar-damar dina pipinding langit teja,
pikeun misahkeun antara beurang
djeung peuting, kitoe deui soepaja dja-
radi kana tanda, kana mangsa, kana
¹⁵ poĕ, djeung kana taoen. 'Sarta soepaja
djaradi damar dina pipinding langit,
pikeun njaangan kana boemi. Nja kitoe
¹⁶ djadina. 'Ari Allah ngadamĕl eta doewa
damar noe galĕde: nja eta damar noe
gĕde, eukeur marentahan kana beurang,
sarta damar noe rada leutik, eukeur
marentahan kana peuting; kitoe deui
¹⁷ ngadamĕl bentang-bentang. 'Tidinja koe
Allah pada dipĕrnahkeun dina pipin-

- ding langit, pikeun njaangan kana
 18 boemi, 'djeung pikeun marentah ti beurang sarta ti penting, kitoe deui pikeun misahkeun antara tjaang djeung poék. Ladjëng Allah ningali eta hade.
 19 'Harita geus djadi sore sarta geus djadi isoek, poë noe kaopat.
 20 'Tidinja Allah nimbalan: Tjai-tjai sing parinoeh koe noe tinglalenghoj, bangsa noe njawaän hiroep, sarta sing aja manoeck-manoeck balalibër di loehoereun boemi, di sahandapeun pipinding langit.
 21 'Seug Allah ngadjadikeun barahala tjai noe galëde, djeung sakabeh bae bangsa noe njawaän hiroep, anoe koemëlip, sakoer noe tinglalenghoj di djëro tjai saadat-saadatna, kitoe deui saroe paning manoeck, bangsa djangdjang saadat-saadatna. Ladjëng Allah ningali eta
 22 hade. 'Geus kitoe eta sakabehna koe Allah dibërkahan, kieu timbalanana: Maraneh sing pada baranahan djeung sing pada ngarëkahan; koedoe pada minoechan tjai-tjai dina laoe; djeung deui manoeck-manoeck sing ngarëkahan
 23 dina boemi! 'Harita geus djadi sore sarta geus djadi isoek, poë noe kalima.
 24 'Tidinja Allah nimbalan: Daratan sing ngabidjilkeun bangsa noe njawaän hiroep saadat-saadatna, nja eta bangsa tjoëun, djeung noe tingkarajap, sarta djeung sato darat saadat-saadatna. Nja
 25 kitoe djadina. 'Ari Allah ngadamël sato darat saadat-saadatna, djeung bangsa tjoëun saadat-saadatna, kitoe deui sakoer noe tingkarajap dina taneuh saadat-saadatna. Ladjëng Allah ningali eta
 26 hade. 'Tidinja Allah nimbalan: Hajoe oerang ngadamël manoesa, make kanjataän oerang, koemaha tjara roepa oerang; sarta sina pada poerba ka laoeck-laoeck laoe, djeung ka manoeck-manoeck awang-awang, kitoe deui ka sato tjoëun, djeung ka sakoeriling boemi, sarta ka sakoer noe ngarajap, anoe tingkarajap di boemi. 'Seug Allah ngadjadikeun eta manoesa, make kanjataän andjeunna, nja didjadikeunana make kanjataän Allah, a toer didjadikeunana hidji lalaki hidji awewe. b 'Ladjëng koe Allah pada dibërkahan, kieu timbalan Allah ka darinja: Maraneh sing pada baranahan djeung sing pada ngarëkahan; koedoe pada minoechan

- boemi, sarta eta taloeckkeun koe maraneh; djeung koedoe pada poerba ka laoeck-laoeck laoe, djeung ka manoeck-manoeck awang-awang, sarta ka sakabeh sasatoan, anoe tingkarajap di boemi. c
 29 'Geus kitoe Allah nimbalan deui: Masing nganjahokeun, kami teh ka maraneh maparin sakabeh lalab-lalaban noe njëbarkeun sisikian, anoe aja di sakoeriling boemi, kitoe deui sakabeh tatangkalan noe barëwahan, anoe njëbarkeun sisikian, nja eta keur maraneh, baris hakaneun. d 'Tatapi ari sakabeh sato darat, djeung sakabeh manoeck-manoeck awang-awang, kitoe deui sakabeh anoe tingkarajap di boemi, sakoer anoe njawaän hiroep mah, hakaneunana nja eta saroe paning djoedjoekeutan noe hare-djo. Nja kitoe djadina. 'Ladjëng Allah ningali sadajana anoe kenging andjeunna ngadamël teja, tah hade katjida. e 'Harita geus djadi sore sarta geus djadi isoek, poë noe kagënp. a Ep. 4:24.
 b Mat. 19:4. c Jak. 3:7. d p. 9:3. e 1 Tim. 4:4.

PASAL 2.

- Nja kitoe langit djeung boemi datang
 2 ka tjaratjapna, sarta djeung sakabeh balad-baladna. 'Ari dina poë noe katoedjoe Allah tjarajap dadamëlanana, noe didamël teja; ladjëng Allah dina poë noe katoedjoe teh liren a tina sadajana dadamëlanana, noe koe andjeunna didamël teja. b 'Reudjeung Allah ngabërkahan kana poë noe katoedjoe, sarta disoetjikeun, tina sabab andjeunna dina poë eta liren tina sadajana dadamëlanana, anoe kenging Allah ngadjadikeun, pangërsana rek disampoer-nakeun. c
 a Ibr. 4:4. b Joh. 5:17.
 c 2 Moesa 20:8-11; Mark. 2:27.
 4 Ijeu teh toetoeran langit djeung boemi, keur mangsana didjadikeun, keur poëan Pangeran Allah ngadamël boemi reudjeung langit. 'Harita saroe paning pëpëlakan lahan tatjan aja di boemi, djeung saroe paning lalab-lalaban lahan tatjan djadi; wantoe-wantoe Pangeran Allah tatjan noeroenkeun hoedjan ka boemi, djeung tatjan aja manoesa pikeun migawe taneuh. 'Ngan aja hali-moen, ngëboel tina boemi, sarta matak
 7 ngabaseuhan ka saloewar daratan. 'Tidinja Pangeran Allah njandak taneuh

tina daratan, ^a diroepakeun manoesa, bari ladjeng nioepkeun kana lijang iroengna ambekan kahiroepan; noe matak manoesa teh djadi njawa hiroep. ^b

^a 1 Kor. 15: 47. ^b 1 Kor. 15: 45.

8 Djeung deui Pangeran Allah geus ngadamél hidji taman di tanah Eden, tébeh wetan; nja di dinja dipernahkeunana manoesa, anoe kenging andjeunna ngadjadikeun teja. 'Sarta Pangeran Allah geus ngabidjilkeun tina taneuh saroe paning tatangkalan, matak rösöp katendjona sarta hade baris hakaneun; djeung aja hidji tangkal kahiroepan ^a dina tengah-tengah taman teja, kitoe deui hidji tangkal anoe matak njaho kana hade reudjeung goreng. ^b

10 'Sarta aja hidji waloengan bidjil ti Eden, ^b pikeun njaiian kana taman teja; seug eta teh ti sémét dinja njagak, ^c

11 nja djadi kana opat sirah. 'Ngaran noe hidji Pison; nja eta noe ngoerilingan satanah Hawila. Di dinja loba emas; ^d

12 'ari emas tanah eta aloes pisan. Di dinja aja gentah, bédolah reudjeung ^e

13 batoe angkik. 'Ari ngaran waloengan noe kadoewa Gihon; nja eta noe ngoerilingan satanah Koes. 'Ari ngaran waloengan noe katiloe Hidekel; nja eta ^f

14 noe ngotjor ka wetaheun tanah Asoer. Ari waloengan noe kaopat nja eta Pérat. ^g

^a Wah. 2: 7. ^b Wah. 22: 1.

15 Geus kitoe manoesa teja koe Pangeran Allah ditjandak, seug dipernahkeun di djero taman Eden, sina ngoeroeskeun ka dinja djeung sina ngadjaga ^h

16 ka dinja. 'Sarta Pangeran Allah miwarang ka manoesa, kijeu timbalanana: Boewah oenggal-oenggal tangkal dina ⁱ

17 ijeu taman pek koe maneh hakan; 'ngan tangkal anoe matak njaho kana hade reudjeung goreng teja mah, eta boewahna poma oelah dek dihakan; karana ^j

18 samangsa maneh ngahakan eta, geus tangtoe maneh teh paeh. ^k

18 Geus kitoe Pangeran Allah nimbalan: Moal hade manoesa teh ngan sorangan bae; koe kami rek dipangdamélkeun sahidji batoer, pikeun pilajaneunana. 'Karana sanggeus Pangeran Allah ngadjadikeun sakabeh sasatoan ^l

19 tégäl djeung sakabeh manoeck-manoeck awang-awang koe taneuh teja, ladjeng didatangeun ka Adam, hojongeun ti-

ngali koemaha dek dingarananana koe Adam; kersana sakoemaha Adam pinjéboetkeuneun ka bangsa noe njawaan hiroep teh, nja kitoe pingaraneunana. ^m

20 'Seug Adam njéboetkeun pingaraneun oenggal-oenggal sato tjoéun, djeung pingaraneun manoeck-manoeck awang-awang, kitoe deui pingaraneun oenggal-oenggal sato tégäl; démi keur manoesa mah Adam hanteu manggih batoer ⁿ

21 pikeun pilajaneunana. 'Tidinja Pangeran Allah ngaragragkeun katibraan ka Adam; reup sare; ladjeng ditjandak iga-na sahidji, ari oeroetna ditoetoe pan koe ^o

22 daging. 'Geus kitoe Pangeran Allah ngadégkeun eta iga, anoe kenging andjeunna njandak ti Adam teja, nja didamél awewe, ^p

23 keun ka Adam. 'Pok Adam misaoer: Nja ijeu ajeuna toelang ti toelang kaoela, daging ti daging kaoela! ijeu ^q

24 teh koedoe diséboet istri, sabab ijeu ditjandakna ti pamégt. 'Koe sabab eta, djalma bakal ninggalkeun indoeng-bapana, toeloej ngarakétan ka pamadjikanana; ari eta doewanana ^r

25 bakal djadi sadaging. ^s 'Ari Adam djeung pamadjikanana teja doewanana pada satarandjang, sarta hanteu areraeun.

^a 1 Tim. 2: 13; 1 Kor. 11: 7. ^b Mat. 19: 5; Ep. 5: 31; 1 Kor. 6: 16.

PASAL 3.

Ari oraj teh ^t akalna ngoengkoelan ka sakabeh sasatoan tégäl, anoe kenging Pangeran Allah ngadamél teja. Pok ngomong ka awewe teh: Na énja Allah ngadawoehkeun, ^u

2 maraneh oelah ngahakan boewah oenggal-oenggal tangkal, anoe dina ijeu taman? 'Ngadjawab ^v

3 awewe ka oraj teh: Boewah-boewah tatangkalan ijeu taman meunang pisan koe kaoela diharakan; 'ngan pérkara ^w

4 boewah tangkal, anoe dina tengah-tengah taman, Allah nimbalan kijeu: Eta koe maraneh poma oelah dek dihakan, sarta oelah dek ditjabak, soe- ^x

5 paja maraneh oelah paeh. 'Ngomong deui oraj teh ka awewe: ^y Moal énja maraneh paeh; 'saénjana Allah leuwih oeninga, samangsa maraneh ngahakan eta, tangtoe panon maraneh beunta, sarta maraneh pidjadieun saperti Allah,

nganjahokeun ka noe hade reudjeung ka noe goreng. *a* Wah. 12:9; 20:2. *b* p. 2:16. *c* Joh. 8:44.

- 6 Tidinja awewe teh nendjo, jen eta tangkal hade keur baris hakaneun, sarta matak panon kabongroj, toer matak rēsēp, estoe tangkal noe bisa mintēr-keun; top njokot boewahna, ^a bari didahar sakali; malah ngabagi ka tjaro-
7 gena, toeloej koe Adam didahar. 'Braj panon doewanana bareunta, sarta pada nganjahokeun, ^b jen dirina satarandjang. Tidinja pada ngantet-ngantetkeun da-
8 oen kondang, dipake apok. 'Geus kitoe pada ngadenge gētra Pangeran Allah, keur angkat-angkatan di djēro taman, wantji tiis poēna; gantjang Adam djeung geureuhana njoempoetkeun maneh bawaning sijeun koe Pangeran Allah, njoesoep kana tatangkalan taman.

a 1 Tim. 2:14. *b* p. 2:25.

- 9 Ladjēng Adam disaoer koe Pangeran Allah, kijeu timbalanana ka dinja:
10 Naha maneh aja di mana? 'Ari pioendjoekna: Koering ngoeping gētra gamparan di djēro taman, seug koering teh sijeun, sabab koering satarandjang; kitoe noe mawi koering njoempoet.
11 'Ari timbalanana: Saha noe mere njaho ka maneh, jen maneh teh satarandjang? Naha maneh ngahakan boewah tangkal, anoe koe kami ditimbalkeun ka maneh,
12 jen papatjoewan dihakan teja? 'Wangsoelan Adam: Noen, eta awewe, paparin gamparan ka koering, nja eta noe merean ka koering boewah tangkal
13 teja, seg koe koering ditēda. 'Ladjēng Pangeran Allah nimbalan ka awewe: Naha maneh migawe kitoe? 'Ari wangsoelan awewe: Soemoehoen, eta oraj ngabobodo ^a ka koering, seg koe koering ditēda.

a 2 Kor. 11:3.

- 14 Geus kitoe Pangeran Allah nimbalan ka oraj teja: Sabab maneh migawe kitoe pētana, noe matak maneh dikedu-
naān panjapa, dibedakeun ti sakabeh sato tjoēun, sarta ti sakabeh sasatoan tēgal. Maneh pileumpangeun koe beuteung, sarta pihakaneun maneh taneuh
15 saoemoer-hiroep maneh. 'Djeung deui kami rek ngadamēl soepaja maneh djeung awewe djadi moesoeh, kitoe keneh toeroenan maneh djeung toeroenan awewe; ^a nja eta mēngke ngarē-

moekkeun hoeloe maneh, sarta maneh mēngke ngaroeksakkeun keuneung eta.

- 16 'Ka awewe timbalanana kijeu: Kami ka maneh rek maparin kasoēsah loba pisan, geus poegoeuh keur maneh reuneuh; ^b bakal ngadjoeroekeun anak-anak djeung kanjērina; sarta maneh bakal mikarēp ka salaki maneh, ^c ari eta
17 bakal kawasa ka diri maneh. 'Ari timbalanana ka Adam kijeu: Sabab maneh ngagoegoe kī omong pamadjikan maneh, datang ka ngahakan boewah tangkal, anoe koe kami ditimbalkeun kijeu: Poma oelah dek dihakan teja: noe matak ajeuna boemi teh dikedu-
naān panjapa koe karana maneh; eta maneh bakal ngipajaban diri maneh ti dinja kalawan kasoēsah, saoemoer-hiroep maneh. 'Malah eta bakal ngabidjilkeun
18 keur maneh tjoetjoek-tjoetjoekan reudjeung walang sangit, sarta maneh bakal ngahakan lalab-lalaban tēgal. 'Ma-
19 neh pingahakaneun rēdjēki kalawan kesang dina beungeut, tēpi ka maneh moelang deui kana taneuh; karana maneh asal ditjandak ti dinja; karana maneh teh taneuh, bakal moelang deui kana taneuh.

a Roem 16:20. *b* Joh. 16:21.

c Ep. 5:22; 1 Tim. 2:11, 12.

- 20 Geus kitoe koe Adam pamadjikanana dingaranan Hawa, sabab eta teh piindoengeun sakoer djalma anoe hiroep.
21 Djeung deui Pangeran Allah ngadamēl samping koelit keur Adam sarta keur pamadjikanana, bari seug dipakeun ka darinja.
22 Geus kitoe Pangeran Allah nimbalan: Tah, manoesa geus djadi sapērti diri oerang sabidji, njahoēun ka noe hade reudjeung noe goreng; ari ajeuna sina oelah njodorkeun leungeunna, njokot deui boewah tangkal kahiroepan, seg dihakan,
23 toeloej hiroep salalanggēngna. 'Gantjangna koe Pangeran Allah ditoendoeng ti djēro taman Eden, soepaja migawe taneuh, anoe djadi asalna, da ditjandakna ti dinja. 'Sanggeusna manoesa didjongklokkeun, ladjēng Pangeran Allah ti wetaneun taman Eden mērenah-
24 keun moekarabin, ^a sarta djeung pēdang anoe ngaboerinjaj moelak-malik, baris ^b ngadjaga djalma kana tangkal kahiroepan teja.

a 2 Moesa 25:18. *b* Wah. 22:14.

PASAL 4.

Tidinja Adam nĕmahan ka Hawa geureuhana, seug njiram, toeloej ngowokeun Kain. Pok Hawa njaoer: Aing
 2 meunang lalaki ti Pangeran. 'Geus kitoe ngowo deni, nja eta Habil adina. Ari
 3 Habil djadi pangangon domba, dĕmi Kain djadi ahli tani. 'Ari geus kitoe,
 4 meunang sababaraba lilana, seug Kain njanggakeun pangabakti ka Pangeran,
 5 njokot tina hasil taneuh. 'Ari Habil pon kitoe keneh njanggakeun, njokot tina tjikal-tjikal dombana sarta tina gadjihna. ^a Ladjĕng Pangeran ningali ka Habil djeung ka pangabaktina;
 6 'dĕmi ka Kain djeung ka pangabaktina hanteu pisan ningali. Heug Kain teh panas katjida, sarta toengkoel beungentna. 'Tidinja Pangeran nimbalan ka Kain: Koe naon maneh noe matak panas, sarta beungent maneh naha
 7 mana toengkoel? 'Geus tangtoe, oepama maneh migawe kahadean, bisa tjĕngkat; sabalikna oepama hanteu migawe kahadean mah, dosa geus ngadĕpong di bareupeun lawang, sarta ngarah ka maneh; ari maneh teh masing kawasa
 8 ka dinja. 'Pok Kain ngomong ka Habil adina. Geus kitoe, keur mangsa araja di tĕgal, pek Kain teh dangdan, ngarontok ka Habil adina, ^b sarta dipaehan
 9 sakali. 'Tidinja Pangeran nimbalan ka Kain: Di mana Habil, adi maneh? Ari wangsoelanana: Doecka teuing! naha koering koedoe ngadjaga ka doeloer?
 10 'Timbalanana deui: Naha maneh migawe naon? Aja sowara gĕtih adi maneh sasambat ka kami tina taneuh.
 11 'Ari ajeuna maneh teh dikeunaĕn panjapa tina taneuh, noe geus njalangapkeun soengoetna, nampanan gĕtih adi maneh ti leungeun maneh. 'Samangsa maneh migawe taneuh, moal ngabidjilkeun deui kahasilanana ka maneh; eta maneh bakal ngalantoer oeprak-aproek
 12 di boemi. 'Oendjoekan Kain ka Pangeran: Siksaĕn koering gĕde teuing, moal beunang ditangoeng! 'Sajaktosna, dintĕn ijeu koering koe andjeun didjongklokkeun tina tanah ijeu, sarĕng koering kĕdah soempoet-salindoeng ti pajoeneun andjeun, nja djadi djalma ngalantoer oeprak-aproek di boemi; doepi

geus kitoe, ^d sing saha-saha anoe mĕndak ka koering, tinangtos maehan ka
 15 koering. 'Dĕmi timbalan Pangeran ka dinja: Koe sabab eta, saha-saha noe maehan ka Kain, bakal dibalĕs toedjoe patikĕlaneun. Malah-malah Pangeran maparin tanda ka Kain, soepaja oelah dipaehan koe noe manggih ka manehana. 'Bral Kain teh ka loewar ti pajoeneun Pangeran, toeloej ngĕnggon di tanah Nod, wetaneun Eden.

^a Ibr. 11:4. ^b Mat. 23:35; 1 Joh. 3:12.

^c Ibr. 12:24. ^d p. 9:6.

17 Tidinja Kain nĕmahan ka pamadjikanana, seug njiram, toeloej ngadjoe-roekeun Hanok. Geus kitoe Kain nji-jeun hidji nagara, sarta eta nagara dingaranan Hanok, ueroetkeun ngaran anakna. 'Ari Hanok poetraĕn Irad; Irad poepetra Mĕhoejael, Mĕhoejael poepetra Mĕtoesael, Mĕtoesael poe-
 18 poetra Lamek. 'Ari Lamek teh boga ^a doewa pamadjikan; ngaran noe hidji Adah, ari ngaran noe hidji deui Silah.
 20 'Ari Adah ngadjoe-roekeun Jabal; nja eta noe djadi bapa sakoer noe ngĕnggouna make himah djeung boga ingon-
 21 ingon. 'Ari ngaran adina Joebal; nja eta noe djadi bapa sakabeh toekang
 22 ngatjapi djeung toekang njoeling. 'Dĕmi Silah kitoe keneh ngadjoe-roekeun Toebalkain; nja eta djadi toekang neupa, njijeun saroe paning parobot tambaga djeung beusi. Sarta Toebalkain boga
 23 doeloer awewe, Naĕma. 'Ari Lamek teja ngomong ka pamadjikanana kijeun: Eh Adah djeung Silah! darengekeun sowara kami. Eh pamadjikan Lamek! rĕgĕpkeun ijeu kasaoeran kami. Poe-
 24 goeh kami geus maehan hidji djalma, doemeh kami rahent; kitoe deui hidji boedjang, doemeh kami bĕntjoet. 'Karana Kain ^b dipangmalĕskeun toedjoe patikĕlaneun, dĕmi Lamek mah malĕsna toedjoe poeloeh kali toedjoe patikĕlaneun.

^a p. 1:27; Mat. 12:4. ^b p. 4:15.

25 Ari Adam nĕmahan deui ka geureuhana, toeloej ngowokeun hidji poetra lalaki, sarta koe Hawa dingaranan Set, karana [saoerna] Allah maparin deni toeroenan ka aing, ngagantian Habil,
 26 sabab geus dipaehan koe Kain. 'Ari Set teh kitoe keneh meunang poetra lalaki, sarta dingaranan Enos. Mangsa

harita djalma-djalma ngamimitian^a njē-boet padjénengan Pangeran. *a p. 12:8.*

PASAL 5.

Ijeu teh kitab toetoeran Adam. Mangsa počan Allah ngadjadikeun manoesa teja,^a didamēlna make roepa Allah;
2 'toer didjadikeunana^b lalaki djeung awewe. Sarta koe Allah^c pada dibēr-kahan, djeung dingaranan manoesa dina počan didjadikeunana. *a p. 1:26.*

b p. 1:27. c p. 1:28.

3 Ari Adam hiroepna saratoes tiloe poeloeh taoen, geus kitoe meunang poetra, make roepa andjeunna,^a koe-maha tjara kanjataan andjeunna, sarta
4 koe andjeunna dingaranan Set. 'Dēmi oemoer Adam, ti sanggeus poepoetra Set teja, dalapan ratoes taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe. 'Djadi
5 oemoer Adam, tēpi ka toetoeupna hiroep, djoemlah salapan ratoes taoen, poendjoel tiloe poeloeh taoen; toeloelj maot.

a Djab. 51:7.

6 Ari Set hiroepna saratoes taoen, poendjoel lima taoen, geus kitoe poe-
7 poetra Enos teja. 'Dēmi hiroep Set, ti sanggeus poepoetra Enos teja, dalapan ratoes taoen, poendjoel toedjoeħ taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.
8 'Djadi djoemlah oemoer Set salapan ratoes taoen, poendjoel doewa wēlas taoen; toeloelj maot.

9 Ari Enos hiroepna salapan poeloeh taoen, geus kitoe poepoetra Kenan.
10 'Dēmi hiroep Enos, ti sanggeus poe-
poetra Kenan teja, dalapan ratoes taoen, poendjoel lima wēlas taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe. 'Djadi
11 djoemlah oemoer Enos salapan ratoes taoen, poendjoel lima taoen; toeloelj maot.

12 Ari Kenan hiroepna toedjoeħ poeloeh taoen, geus kitoe poepoetra Mahalalel.
13 'Dēmi hiroep Kenan, ti sanggeus poepoetra Mahalalel teja, dalapan ratoes taoen, poendjoel opat poeloeh taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe. 'Djadi
14 djoemlah oemoer Kenan salapan ratoes taoen, poendjoel sapoeloeh taoen; toeloelj maot.

15 Ari Mahalalel hiroepna gēnēp poeloeh taoen, poendjoel lima taoen, geus kitoe

16 poepoetra Jared. 'Dēmi hiroep Maha-
lalel, ti sanggeus poepoetra Jared teja, dalapan ratoes taoen, poendjoel tiloe poeloeh taoen deui, sarta poetraān deui
17 lalaki-awewe. 'Djadi djoemlah oemoer Mahalalel dalapan ratoes taoen, poendjoel salapan poeloeh lima taoen; toeloelj maot.

18 Ari Jared hiroepna saratoes taoen, poendjoel gēnēp poeloeh doewa taoen,
19 geus kitoe poepoetra Hanok. 'Dēmi hiroep Jared, ti sanggeus poepoetra Hanok teja, dalapan ratoes taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe. 'Djadi
20 djoemlah oemoer Jared salapan ratoes taoen, poendjoel gēnēp poeloeh doewa taoen; toeloelj maot.

21 Ari Hanok hiroepna gēnēp poeloeh lima taoen, geus kitoe poepoetra Mē-
22 toesalah. 'Dēmi Hanok^a loemampah sasarēngan djeung Allah, ti sanggeus poepoetra Mētoesalah teja, meunang tiloe ratoes taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe. 'Djadi djoemlah
23 oemoer Hanok tiloe ratoes taoen, poendjoel gēnēp poeloeh lima taoen. 'Ari
24 Hanok loemampah sasarēngan djeung Allah; tidinja moesna,^b sabab ditjandak koe Allah. *a p. 6:9; Joed. 14.*

b 2 Radja 2:10, 11; Ibr. 11:5.

25 Ari Mētoesalah hiroepna saratoes taoen, poendjoel dalapan poeloeh toedjoeħ taoen, geus kitoe poepoetra Lamek.
26 'Dēmi hiroep Mētoesalah, ti sanggeus poepoetra Lamek teja, toedjoeħ ratoes taoen, poendjoel dalapan poeloeh doewa taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-
27 awewe. 'Djadi djoemlah oemoer Mētoesalah salapan ratoes taoen, poendjoel gēnēp poeloeh salapan taoen; toeloelj maot.

28 Ari Lamek hiroepna saratoes taoen, poendjoel dalapan poeloeh doewa taoen,
29 geus kitoe meunang poetra lalaki. 'Sarta koe andjeunna dingaranan Enoħ, bari njaoer kijeu: Ijeu teh mēngke ngalilipoer ka oerang tina sabab pagawean oerang djeung tina sabab kasoésahan leungeun oerang, tina sabab boemi,^a
30 anoe disapa koe Pangeran. 'Dēmi hiroep Lamek, ti sanggeus poepoetra Enoħ teja, lima ratoes taoen, poendjoel salapan poeloeh lima taoen deui, sarta poe-
31 traān deui lalaki-awewe. 'Djadi djoem-

lah oemoer Lamek toedjoeh ratoes taoen, poendjoel toedjoeh poeloeh toedjoeh taoen; toeloeh maot. *a p. 3: 17.*

32 Ari oemoer Enoh dongkap ka lima ratoes taoen, geus kitoe Enoh poepoe-tra Sem, Ham djeung Japet.

PASAL 6.

Děmi geus kitoe, mangsa manoesa ngamimitian ngalobäär di boemi, sarta
2 geus mareunang anak awewe, 'seug para poetra Allah narendjo ka anak-anak manoesa noe awewe, katendjo jen gareulis; toeloeh pada njokot pipamadjikaneun keur daririna ti sakoer anoe kapilih koe maranehanana. 'Tidinja Pangeran nimbalan: Roh kami moal madoean ka manoesa salalanggěngna tina hal kasalahanana; geus daging maloeloe eta teh; ngan rek ditempoan saratoes
4 doewa poeloeh taoen. 'Dina djaman harita araja jaksa di boemi; geus poegoeh sanggeusna poetra Allah marandjingan ka anak manoesa noe awewe teja, sarta mareunang anak ti dinja; nja eta teh djalma pėrkosa, anoe di
5 djaman baheula, djalma malashoer. 'Ana geus katingali koe Pangeran, jen gěde kagorengan manoesa di boemi, sarta sakabeh rarasaan pamikir hatena woengkoel goreng bae sapopoė, 'ladjěng Pangeran handjakaleun ngadaměl manoesa teh di boemi, djeung andjeunna ngėrikkeun manahna. 'Sarta Pangeran nimbalan kieu: Manoesa, beunang kami ngadjadikeun, koe kami rek dileungitkeun tina tonggong boemi, nja ngaleungitkeun manoesa djeung sato tjoėun, kitoe deui noe tingkarajap sarta djeung manoeuk awang-awang; karana
8 kami handjakal ngadaměl eta. 'Děmi Enoh mah mēndak koernija dina sotja Pangeran. *a Mat. 15: 19; Roem. 1: 21.*

9 Ijeu teh toetoeran Enoh: Ari Enoh teh djalma bėnėr nja satēmėnna dina bangsa djaman andjeunna; s estoe Enoh loemampah sasarėngan djeung Allah.

10 'Djeung deui Enoh kagoengan tiloe poetra, lalaki kabeh, b nja eta Sem,

11 Ham djeung Japet teja. 'Ari boemi teh geus roeksak di pajoeneun Allah, toer

12 boemi teh pinoeh koe panganijaja. 'Ana Allah ningali ka boemi, geuning boemi

teh geus roeksak, wantoe-wantoe saniskara daging geus pada ngaroeksakkeun djalanna di boemi. *a p. 5: 22, 24; 7: 1. b p. 5: 32.*

13 Tidinja Allah nimbalan ka Enoh: Saniskara daging geus nėpi ka panoengtoengan di pajoeneun kami; karana boemi teh geus pinoeh koe panganijaja ti maranehanana; satēmėnna, maranehanana koe kami rek diroeksakkeun katoet

14 boemina. 'Maneh geura njijeun hidji kapal keur diri maneh, koe kai goper; didjijeunna kapal teh koe maneh koedoe dipangkengan, djeung koedoe dipopokan loewar-djėrona koe geutah.

15 'Sarta didjijeunna koe maneh koedoe kieu: tiloe ratoes asta pipalajoeėun kapal, lima poeloeh asta panggėrėtna, djeung tiloe poeloeh asta loehoerna.

16 'Eta kapal koe maneh koedoe didjandelaan, ari dipėtakeunana ti loehoer, watės saasta, sarta panto kapal koe maneh koedoe diajakeun di gigirna; toer didjijeunna koedoe make oendakan anoe ti handap, oendakan anoe kadoewa

17 sarta oendakan anoe katiloe. 'Karana kami teh, satēmėnna, rek ngadatangkeun tjaah gěde ka boemi, kėrsa ngaroeksakkeun saniskara daging, sakoer anoe aja soekmafn hiroep; rek dileungitkeun ti kolong langit; saniskara noe

18 di boemi mēngke paeh. 'Děmi ka maneh mah kami rek ngadėgkeun pėrdjangdjian kami; mana maneh koedoe asoep kana kapal teja, s nja diri maneh sarta djeung anak-rabi maneh, kitoe deui pamadjikan anak-anak maneh, baba-

19 rėngan djeung maneh. 'Djeung deui ti sakoer anoe hiroep, ti saniskara daging, doewa siki tina oenggal-oenggal roepa, koe maneh koedoe diasoepkeun kana kapal, soepaja dihiroepan barėng djeung maneh; nja koedoe lalaki djeung awewe.

20 'Ti bangsa manoeuk saadat-saadatna, djeung ti sato tjoėun saadat-saadatna, kitoe deui ti sakoer anoe tingkarajap di boemi saadat-saadatna, doewa siki tina oenggal-oenggal roepa pidaratangeun ka maneh, soepaja dihiroepan.

21 'Djeung deui maneh koedoe njokot saroeupaning kabakanan, anoe sok dihakan; koempoelkeun ka maneh, baris pibėkėleun keur diri maneh sarta keur

22 eta sakabeh. 'Prak koe Enoh, dilam-

pahkeun;^b sakoemaha timbalan Allah ka andjeunna, nja kitoe pisan ngalampahkeunana.

^a 1 Petr. 3:20; 2 Petr. 2:5. ^b p. 7:5² Ibr. 11:7.

PASAL 7.

Tidinja Pangeran nimbalan ka Énoh: Manch djeung saeusi-imah maneh geura asoep kana kapal; ^a karana maneh anoe koe kami katingali bënér di pajoeuneun kami dina ijeu bangsa ajeuna. ² 'Tina saroeupaning sato ^b noe halal maneh koedoe njokot toedjoech-toedjoech siki, lalaki djeung awewena; dëmi tina sato anoe hanteu halal mah doewa ³ siki bae, lalaki djeung awewena. 'Kitoe deui tina manoeck awang-awang toedjoech-toedjoech siki, lalaki djeung awe-we, soepaja ngahiroepan baris bibit ⁴ dina satonggong boemi. 'Karana toedjoech poë deui kami rek noeroenkeun hoedjan ka boemi, opat poeloeh poë opat poeloeh peuting pililaeunana; ari saniskara noe goemëlar, anoe beunang kami ngadamël, koe kami rek dileungitkeun tina tonggong boemi. 'Prak Énoh ngalampahkeun ^c sakoemaha timbalan Pangeran ka andjeunna.

^a p. 6:9. ^b p. 8:20; 3 Moesa 11. ^c p. 6:22.

⁶ Mangsa oemoer Énoh dongkap ka gënöp ratoes taoen, seug tjaäh gëde ⁷ teja datang ka boemi. 'Tidinja Énoh lëbët, ^a ari poetra-poetrana djeung geureuha andjeunna sarta geureuha poetra-poetrana ditjandak kana kapal, ⁸ njingkahan tjai tjaäh teja. 'Tina sato anoe halal, djeung tina sato anoe hanteu halal, kitoe deui tina manoeck-manoeck, sarta tina saniskara noe tingkarajap di boemi, 'doewa-doewa siki ⁹ datang ka Énoh kana kapal, lalaki djeung awewe, ^b sakoemaha timbalan Allah ka Énoh teja. ^a Mat. 24:38; 1 Petr. 3:20.

^b p. 6:19.

¹⁰ Barang geus meunang toedjoech poë teja, gër tjai tjaäh teh datang ka boemi. ¹¹ 'Dina taoen kagënöp-ratoes oemoer Énoh, dina boelan noe kadoewa, dina tanggal toedjoech wëlas, nja dina poë eta sakabeh soemoer sagara gëde dibarëdahkeun, djeung sagala peundeut langit ¹² ngit dibaroekeun. 'Geus kitoe ka boemi

ngëtjrëk hoedjan, opat poeloeh poë opat ¹³ poeloeh peuting lilana. 'Nja dina poë eta pisan Énoh lëbët; ari Sem, Ham djeung Japet, poetra Énoh, kitoe deui geureuha Énoh sarta tiloe geureuha poetrana teja, pada ngiring kana kapal. ¹⁴ 'Nja arandjeunna sarta djeung saroeupaning sato leuweung saadat-saadatna, kitoe deui saroeupaning sato tjoëun saadat-saadatna, djeung saroeupaning noe ngarajap, anoe tingkarajap di boemi saadat-saadatna, sarta saroeupaning manoeck saadat-saadatna, sagala noe tjaritjit, sagala noe djangdjangan. 'Pada ¹⁵ datang ka Énoh, kana kapal, doewa-doewa siki, mandjing saniskara daging, ¹⁶ sakoer anoe soekmaän hiroep. 'Ari noe datang, nja eta datangna lalaki djeung awewe, mandjing saniskara daging, sakoemaha timbalan Allah ka andjeunna teja. Ladjëng Pangeran meundeutkeun satoekangeun Énoh.

¹⁷ Dëmi tjaäh teja ajana di boemi opat poeloeh poë lilana. Ari tjai teh ngagëdean, sarta ngadjoengdjoengkeun kapalna, seg oenggan tina boemi. 'Ari ¹⁸ tjai teh ngarosaän, sarta ngagëdean katjida di boemi, seg kapal teh leumpang dina tonggong tjai. 'Ari tjai teh ¹⁹ katjida pisan nja ngarosaän di boemi, wani kakëlëm sakabeh goenoeng laloe ²⁰ hoer, anoe aja di sakolong langit. 'Ngarosaänana tjai teh tēpi ka lima wëlas asta tina saloehoereun eta, djadi goe ²¹ noeng-goenoeng kakëlëm kabeh. 'Hos paeh saniskara daging, sakoer noe koe-mëlip di boemi, ^a nja eta bangsa manoeck, bangsa sato tjoëun, bangsa sato leuweung djeung bangsa sakabeh noe ngarajap, anoe tingkarajap di boemi, ²² kitoe deui manoesa sakabeh. 'Saniskara anoe aja ambëkan soekma hiroep dina iroengna, naon bae anoe di darat, paraeh ²³ kabeh. 'Djadi dileungitkeun saniskara noe goemëlar, ^b sakoer anoe di darat, nja eta manoesa djeung sato tjoëun, kitoe deui noe tingkarajap sarta djeung ²⁴ manoeck awang-awang, dileungitkeun kabeh tina boemi; ^c ngan kari Énoh bae, sarta noe sasarëngan djeung andjeunna di djëro kapal teja. 'Dëmi ngarosaänana tjai teh di boemi saratoes lima poeloeh poë lilana. ^a Loek. 17:27.

^b p. 6:7. ^c 2 Petr. 2:5.

PASAL 8.

- Tidinja Allah emoeteun ka Ĕnoh, djeung ka sakabeh sato leuweung, sarta ka sakabeh sato tjoëun, anoe sasarëngan djeung Ĕnoh di djëro kapal teja. Ladjëng Allah ngadatangkeun angin nJORANG ka boemi; seug tjai teh ngo-
 2 rotan. 'Ari^a sqemoer sagara reudjeung peundeut langit teja ditaroetoeup, sarta hoedjan ti langit teja dieureunkeun.
 3 'Anoe matak tjai teh aloendoer deui ti loehoer boemi, teu pëtöt-pëtöt oen- doerna. Ari ngoeranganana tjai ti watës
 4 saratoes lima poeloeh poë teja. 'Dëmi dina boelan noe katoedjoeuh, dina tang- gal toedjoeuh wëlas, seug kapal teh reu-
 5 reuh di pigoenengan Ararat. 'Ari tjai teh teu pëtöt-pëtöt ngoerangan tēpi ka boelan noe kasapoeloeh. Dina boelan
 6 noe kasapoeloeh, dina tanggal hidji, beh katembong poentjak goenoeng-goe-
 7 noeng. ^{a p. 7: 11.}
 8 Barang geus meunang opat poeloeh poë, toeloeh Ĕnoh ngaboekakeun djan- dela Kapal, anoe beunang andjeunna
 9 ngadamël teja, 'sarta ngaleupaskeun gagakna; seug hibër poelang-anting, tēpi
 10 ka saät tjaina tina loehoer boemi. 'Ti- dinja ngaleupaskeun djapatina ti ënggon
 11 andjeunna, hojongeun ningali tjai teh geus orot tina loehoer darat. 'Dëmi
 12 djapati teh hanteu manggih pigeusaneun eunteup; toeloeh balik deui ka andjeun- na kana kapal, sabab masih aja tjai
 13 dina tonggong saboemi kabeh. Gantjang Ĕnoh njodorkeun pananganana, djapa- tina ditjandak, bari diasoeupkeun deui
 14 ka ënggon andjeunna, kana kapal. 'Ti- dinja Ĕnoh ngantosan deui toedjoeuh poë, seug djapati teh dileupaskeun deui
 15 tina kapal. 'Ari wantji sore djapati teh datang deui ka andjeunna; doemadakan, dina pamatoekna mawa poetjoeuh dje-
 16 toeu beunang mëtik; anoe matak Ĕnoh oëningaeun, jen tjai teh geus orot tina
 17 loehoer boemi. 'Tidinja ngantosan deui toedjoeuh poë, seug djapati teh dileu- paskeun deui; ari ajeuna mah hanteu
 18 balik deui ka andjeunna.
 19 Dëmi geus kitoe, ^a dina kagëñp-ra- toes hidji taoen, dina boelan noe ka-
 20 hidji, dina tanggal hidji, tjai teh geus saät tina loehoer boemi. Toeloeh Ĕnoh

- ngalaan toetoeup kapal, bari seug roe- roet-reret; doemadakan, darat teh geus
 21 saät. 'Ari dina boelan noe kadoewa, dina tanggal toedjoeuh likoer, harita boemi geus toehoer. ^{a p. 6: 7, 11.}
 22 Tidinja Allah ngandika ka Ĕnoh, kijeu timbalanana: 'Maneh geura ka loewar tina kapal, nja maneh, djeung anak-rabi maneh, kitoe deui pamadjikan anak maneh, anoe reureudjeungan djeung ma-
 23 neh. 'Sakabeh sasatoan, anoe reureu- djeungan djeung maneh, mandjing sa- niskara daging, nja eta bangsa manoeuk, djeung bangsa sato tjoëun, sarta bang-
 24 sa sakabeh noe ngarajap, anoe tingka- rajap di boemi, koe maneh bawa ka loewar, ^a sina pada mëtjah di boemi, sarta sina pada baranahan djeung nga-
 25 rëkahan di boemi. 'Geus kitoe Ĕnoh ka loewar, poetra-garwana sarta djeung geureuha poetrana ditjandak. 'Sakabeh sasatoan, sakoer noe tingkarajap, reu- djeung sakabeh manoeuk, saniskara bae
 26 noe koemëlip di boemi, noengtoet ka laloewar tina kapal, sabangsa-sabang- sana. ^{a p. 1: 22.}
 27 Tidinja Ĕnoh ngadamël hidji altar bade ka Pangeran; toeloeh njandak tina saroepaning sato ^a noe halal djeung ti- na saroepaning manoeuk noe halal, seug dianggo koerban doeroekan, dikoerban-
 28 keun dina eta altar. 'Ana kaëngseu koe Pangeran ^b eta baena noe seungit, la- djëng Pangeran nimbalan sadjêro ma- nahna: Kami hamo njapa-njapa deui ka boemi koe karana manoesa, ^c da rarasaan hate manoesa teh goreng bae ti boeboedakna; sarta kami hamo nga- basmi-basmi deui ka sakoer anoe hi-
 29 roep, sakoemaha noe koe kami dida- mël tadi. 'Ka-hareupna mah, ^d sapan- djang oemoer boemi, mangsa sêbar reu- djeung mangsa diboeuwat, tiis reudjeung panas, oesoem halodo reudjeung oesoem
 30 hoedjan, kitoe deui beurang reudjeung peuting, moal eureun-eureun. ^{a p. 7: 2.}
^b Ep. 5: 2. ^c p. 6: 5. ^d Jer. 33: 20.

PASAL 9.

Tidinja Allah ngabërkahan ka Ĕnoh djeung ka poetra-poetrana, kijeu tim- balanana ka darinja: ^a Maraneh sing pada baranahan djeung sing pada nga- rëkahan; koedoe pada minoehan boemi.

- 2 'Eta maraneh^b sing dipikasijeun djeung dipikareuwas koe sakabeh sasatoan boemi djeung koe sakabeh manoe^c awang-awang, koe saniskara bae noe koemēlip di darat, sarta koe sakabeh laeok laeok; geus pada diselehkeun ka leungeun maraneh. 'Saniskara noe koemēlip, sakoer anoe hiroep, baris pihakaneun maraneh; kabeh ge koe kami dipaparinkeun ka maraneh, 'saperti sipat noe haredjo, lalab-lalaban teja bae. 'Ngan maraneh^d oelah dek ngahakan laeok kalawan njawana, tēgēsna gētihna.
- 5 'Djeung deui gētih maraneh, gētih njawa maraneh, koe kami tangtoe dipoendoet; 'estoe rek dipoendoet ti leungeun sakabeh sasatoan, sarta ti leungeun manoesa; tangtoe kami moendoet njawa manoesa ti leungeun djalma, doeloerna. 'Sahasaba / noe ngoetjoerkeun gētih manoesa, nja eta gētihna koedoe koe manoesa dikoetjoerkeun deui; 'karana manoesa didamēlna make kanjataan Allah. 'Dēmi maraneh mah^h sing pada baranahan djeung sing pada ngarēkahan; masing pada mētjah sarta pada ngalobaān di boemi. *a p. 1:28; 8:17. b p. 2:19. c p. 1:29. d 3 Moesa 3:17; 5 Moesa 12:23. e 2 Moesa 21:28, 29. f 2 Moesa 12:21; Mat. 26:52; Wah. 13:10. g p. 1:27; Jak. 3:9. h p. 1:28; 8:17.*
- 8 Tidinja Allah nimbalan deui ka Ēnoh djeung ka poetra-poetrana, kijeu timbalanana: 'Ari kami teh, satēmēnna, 'ngadēgkeun pērdjangdjian kami ka maraneh, djeung ka toeroenan maraneh pandeurieun maraneh; 'kitoe deui ka sakabeh noe njawaān hiroep, anoe reureudjeungan djeung maraneh, nja eta ka bangsa manoe^c, ka bangsa sato tjoōeun, djeung ka sakabeh sasatoan boemi, anoe reureudjeungan djeung maraneh, sakoer-sakoer anoe ka loewar tina kapal; ka saniskara bae sasatoan boemi. 'Ari hal kami ngadēgkeun pērdjangdjian kami ka maraneh teja, nja eta saniskara daging moal rek dibasmi deui koe lantaran tjai tjaāh, sarta moal piajaeun deui tjaāh, anoe matak ngaroeksakkeun boemi. 'Timbalan Allah deui: Ijeu teh tanda pērdjangdjian, anoe koe kami dipaparinkeun di antara kami djeung maraneh, sarta di antara sakoer noe njawaān hiroep, anoe reureudjeungan djeung maraneh, toeroen-toemoe-
- 13 roen, salalangēngua: 'kami geus maparin^b katoembiri dina mega, nja eta noe djadi tanda pērdjangdjian di antara kami djeung boemi. 'Satijap-tijap kami ngadatangkeun mega ka loehoereun boemi, seug katoembiri teh pikatem-bongeun dina mega. 'Didinja kami teh tangtoe ngingētkeun kana pērdjangdjian kami, anoe di antara kami djeung maraneh, sarta di antara sakoer noe njawaān hiroep, saroepaning bangsa daging; sarta tjai moal pidjadicun deui tjaāh, anoe matak ngaroeksakkeun saniskara daging. 'Samangsa-mangsa katoembiri teja aja dina mega, seug koe kami rek ditingali, soepaja ngingētkeun kana pērdjangdjian noe langgēng, anoe di antara Allah djeung saniskara noe njawaān hiroep, saroepaning bangsa daging, anoe di boemi. 'Nimbalan deui Allah ka Ēnoh: Ijeu teh tanda pērdjangdjian, anoe koe kami geus diadēgkeun di antara kami djeung saniskara daging anoe di boemi. *a p. 6:18. b Jeh. 1:28; Wah. 4:3.*
- 18 Dēmi poetra Ēnoh, anoe ka loewar tina kapal teja, 'nja eta Sem, Ham djeung Japet. Ari Ham teja rama Kanaān. 'Tiloeanana poetra Enoh, sarta nja ti dinja djalma mēntjar ka saboemi kabeh. *a p. 6:10.*
- 20 Ari Ēnoh ngamimitian djadi ahli tani, sarta toeloej ngēbon anggoer. 'Hidji waktōe 'ngaleueut anggoer beunangna, seug mabok, toeloej ebog di tēngah himahna, bari poeroetjoel. 'Ari Ham, rama Kanaān teja, nendjo orat ramana; toeloej poepoelih ka doewa saderekna, anoe di loewar. 'Gantjang Sem djeung Japet njokot haroedoem, sok koe doewanana diteundeun dina taktakna, toeloej leumpang bari noekang, seug noetoepan orat ramana; ari rarajna pada noekang, djadi teu narendjo ka orat ramana. 'Ana geus tanghi Ēnoh tina mabokna koe anggoer, sarta oeningaeun anoe koe poetrana noe boengsoe dilampahkeun ka andjeunna teja, toeloej ngalahir kijeu: 'Si Kanaān dikeunaan panjapa; 'sing djadi abdi panghandap-handapna, ngawoela ka doeloer-doeloerna! 'Lahirna deui: Sagala poedji ka Pangeran, Allah Sem; ari Kanaān mah sing ngawoela ka dinja!

27 'Allah moegi ngalégakeun ka Japet, sarta sing datang ka ngénggonan di djéro himah Sem; ari Kanaän mah sing ngawoela ka dinja! a Ep. 5:18. b p. 10:6. c Hak. 1:28.

28 Dëmi hiroep Énoh, ti sanggeus tjaäh teja, tiloe ratoes taoen, poendjoel lima
29 poeloeh taoen deni. 'Djadi djoemlah oemoer Énoh, salapan ratoes taoen, poendjoel lima poeloeh taoen; toeloelj maot.

PASAL 10.

Ijeu teh toetoean ^a poetra Énoh, nja eta Sem, Ham djeung Japet teja; eta pada meunang poetra sanggeusna tjaäh teja. a 1 Bab. 1:4.

2 Poetra Japet teja ^a Gomer, Magog, Madai, Jawan, Toebal, Mesek djeung
3 Tiras. 'Ari poetra Gomer teja Askénas,
4 Ripat djeung Togarma. 'Ari poetra Jawan teja Elisa djeung Tarsisa, oerang
5 Kitim djeung oerang Dodan. 'Nja ti dinja djalma njalijara ka poelo bangsa-bangsa dina satanah-tanahna, masing-masing noeroetkeun basana, noeroetkeun sakaom-kaomna dina sabangsa-bangsana. a 1 Bab. 1:5.

6 Ari poetra Ham teja ^a Koes, Misraim,
7 Poet djeung Kanaän. 'Ari poetra Koes teja Sëba, Hawila, Sabta, Raäma djeung Sabtëka; sarta poetra Raäma teja Sëba
8 djeung Dëdan. 'Djeung deui Koes teja poepoetra ^b Namroed; nja eta noe ngamimitian ngadjadi kawasa di boemi.
9 'Eta teh djadi toekang moro anoe kawasa di pajoeneun Pangeran; noe matak sok aja noe njëboet kijeu: Saperti Namroed, toekang moro anoe kawasa di pajoeneun Pangeran teja. 'Ari karadjaanana noe mimiti, nja eta Baboel, Ereka, Akad djeung Kalne, di tanah Sinar.
11 'Ti tanah eta ka loewar Asoer, seug njijeun ^c Ninëwe, Rëhobot-Ir djeung
12 Kalah; 'kitoe deui Resen, di antara Ninëwe djeung Kalah teja; nja eta
13 nagara noe gëde teja. 'Ari Misraim teja poepoetra oerang Loed, oerang Anam, oerang Lahab djeung oerang Naptoah;
14 'kitoe deui oerang Patros, djeung oerang Kasloah (ti dinja ka loewar oerang
15 Pëlisti) sarta oerang Kaptor. 'Ari Kanaän teja poepoetra Sidon tjikalna,
16 reudjeung Het; 'kitoe deui oerang Jë-

boes, oerang Emor djeung oerang Girgas; 'oerang Hiwi, oerang Arka djeung
17 oerang Sin; 'oerang Arwad, oerang Sëmar, sarta oerang Hamat. Sanggeusna ti dinja kaom-kaom oerang Kanaän pabalëntjar. 'Ari watës oerang Kanaän ti sëmët Sidon tëroes ka Gërar, tëpi ka Gasa; tëroes deui ka Sadoemoe, Gomora, Adma djeung Sëboim, tëpi ka
20 Lasa. 'Nja eta kabeh poetra Ham, noeroetkeun sakaom-kaomna, noeroetkeun sabasa-basana, dina satanah-tanahna, dina sabangsa-bangsana. a 1 Bab. 1:5. b 1 Bab. 1:10. c Jona 1:2.

21 Ari Sem teja kitoe keneh meunang poetra; andjeunna noe djadi karoehoén sakabeh poetra Eber, saderek Japet teja, anoe saloehoereun. 'Poetra Sem teja ^a Elam, Asoer, Arpaksad, Loed djeung
22 Aram. 'Ari poetra Aram teja Oes, Hoel,
23 Geter djeung Mas. 'Ari Arpaksad teja ^b poepoetra Selah, Selah poepoetra Eber.
25 'Ari Eber teja meunang doewa poetra lalaki; ngaran noe hidji Peleg, sabab keur djaman eta djalma eusi boemi papisah; ari ngaran adina Joktan. 'Ari Joktan teja poepoetra Almodad, Selep,
27 Hasarmawet djeung Jarah; 'Hadoram,
28 Oesal djeung Dikla; 'Obal, Abimael djeung Sëba; 'Opir, Hawila djeung Jobab. Nja eta kabeh poetra Joktan. 'Ari énggonna ti sëmët Mesa tëroes ka Sëpar, pigoenoengan wetan. 'Nja eta kabeh poetra Sem, noeroetkeun sakaom-kaomna, noeroetkeun sabasa-basana, dina satanah-tanahna, noeroetkeun sabangsa-bangsana. 'Nja eta kabeh kaom-kaom poetra Énoh, noeroetkeun toetoeanana, dina sabangsa-bangsana, sarta nja ti dinja njalijarana sagala bangsa noe di boemi, sanggeusna tjaäh teja. a 1 Bab. 1:17. b 1 Bab. 1:18.

PASAL 11.

Ari djalma saboemi kabeh sabasa saomong. 'Dëmi geus kitoe, hidji mangsa arindit ka wetan, manggih hidji lebak di ^a tanah Sinar; toeloelj maratoeh di
3 dinja. 'Pok ngaromong batoer pada batoer: Hajoe oerang njijeun ^b bata, sarta koe oerang beuleum, sina teuas. Geus kitoe bata teja koe maranehanana dipake batoe, sarta ^b leutak noe dipake taneuh likët. 'Pok ngaromong ^c deui:

Hajoe oerang njiyeun hidji nagara keur diri oerang, sarta hidji papanggoengan, ari poentjakna ^c masing nēpi ka langit; nja eta oerang teh hajoe njiyeun anoe matak mashoer diri oerang; soepaja oerang oelah pabaléntjar dina satonggong boemi! 'Tidinja Pangeran ^d loengsoer, ningalian eta nagara reudjeung eta papanggoengan, anoe keur didijieun koe anak Adam teja. 'Sarta Pangeran nimbalan: Tah, eta teh toenggäl sabangsa, djeung sakabeh ge hidji basana, sarta ijeu noe koe maranehanana geus dimimitian didijieun; ari ajeuna eta teh moal beunang dihalangan, naon bae anoe koe maranehanana dikarēpkeun didijieun. 'Hajoe oerang loengsoer, oerang koesoetkeun di dinja basana, masingna hidji-hidji oelah ngaharti ka basa batoerna. 'Ladjēng eta teh koe Pangeran ^e dipabaléntjarkeun ti dinja, diajakeun di satonggong boemi, mana areureun njiyeun eta nagara. 'Kitoe noe matak eta nagara disēboetkeun ^f Baboel, sabab di dinja Pangeran ngoesoetkeun basa djalma saboemi kabeh, sarta maranehanana koe Pangeran dipabaléntjarkeun ti dinja, diajakeun di satonggong boemi.

a p. 10:10; Dan. 1:2.

b p. 14:10. c 5 Moesa 1:28. d p. 18:21; 2 Moesa

3:8. e 5 Moesa 32:8; Lal. 17:26. f Wah. 17:5.

10 Ijeu teh toetoeran ^a Sem teja. Ari oemoer Sem dongkap ka saratoes taoen, geus kitoe poepoetra Arpaksad, doewa 11 taoen ti sanggeus tjaāh teja. 'Dēmi hiroep Sem, ti sanggeus poepoetra Arpaksad teja, lima ratoes taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.

a p. 10:22; 1 Bab. 1:17.

12 Ari Arpaksad hiroepna tiloe poeloeh lima taoen, geus kitoe poepoetra Selah. 13 'Dēmi hiroep Arpaksad, ti sanggeus poepoetra Selah teja, opat ratoes taoen, poendjoel tiloe taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.

14 Ari Selah hiroepna tiloe poeloeh ta- 15 oen, geus kitoe poepoetra Eber. 'Dēmi hiroep Selah, ti sanggeus poepoetra Eber teja, opat ratoes taoen, poendjoel tiloe taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.

16 Ari Eber hiroepna tiloe poeloeh opat 17 taoen, geus kitoe poepoetra Peleg. 'Dēmi hiroep Eber, ti sanggeus poepoetra Pe-

leg teja, opat ratoes taoen, poendjoel tiloe poeloeh taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.

18 Ari ^a Peleg hiroepna tiloe poeloeh 19 taoen, geus kitoe poepoetra Rēhoe. 'Dēmi hiroep Peleg, ti sanggeus poepoetra Rēhoe teja, doewa ratoes taoen, poendjoel salapan taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe. a 1 Bab. 1:26.

20 Ari Rēhoe hiroepna tiloe poeloeh doe- 21 wa taoen, geus kitoe poepoetra Sēroeg. 'Dēmi hiroep Rēhoe, ti sanggeus poepoetra Sēroeg teja, doewa ratoes taoen, poendjoel toedjoeh taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.

22 Ari Sēroeg hiroepna tiloe poeloeh 23 taoen, geus kitoe poepoetra Nahor. 'Dēmi hiroep Sēroeg, ti sanggeus poepoetra Nahor teja, doewa ratoes taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.

24 Ari Nahor hiroepna salapan likoer 25 taoen, geus kitoe poepoetra Terah. 'Dēmi hiroep Nahor, ti sanggeus poepoetra Terah teja, saratoes taoen, poendjoel salapan wēlas taoen deui, sarta poetraān deui lalaki-awewe.

26 Ari Terah hiroepna toedjoeh poeloeh 27 taoen, geus kitoe poepoetra Abram, Nahor djeung Haran.

27 Ijeu teh toetoeran ^a Terah. Ari Terah poepoetra Abram, Nahor djeung Haran, 28 sarta Haran poepoetra Eloeet. 'Dēmi Haran teja maot di pajoeneun Terah ramana, di nagara asalna, nja eta di 29 Oer, tanah Kasdim. 'Ari Abram djeung Nahor pada kagoengan geureuha; djēnēngan geureuha Abram, nja eta Saraī; dēmi djēnēngan geureuha Nahor, nja eta ^b Milka, poetra Haran, anoe rama 30 Milka djeung rama Jiska. 'Ari Saraī teja gabog, ^c hanteu kagoengan poetra.

a Jos. 24:2; 1 Bab. 1:26. b p. 22:20. c p. 16:1.

31 Hidji mangsa Terah njandak Abram poetrana, djeung Eloeet poetra Haran, poetoena, kitoe deui Saraī mantoena, geureuha Abram poetrana, toeloeh boe- 32 dal sasarengan ^a ti Oer, tanah Kasdim teja, sēdja ngalih ka tanah Kanaān. Dēmi geus darongkap ka nagara Haran, toeloeh tjaralik di dinja. 'Ari oemoer Terah dongkap ka doewa ratoes taoen, poendjoel lima taoen, toeloeh Terah teh maot di Haran.

Neh. 9:7.

a p. 15:7; Lal. 7:4;

PASAL 12.

Hidji mangsa aja timbalan Pangeran ka Abram: "Maneh geura ijang ti tanah maneh, djeung ti sanak-baraja maneh, sarta ti imah bapa maneh, leumpang ka hidji tanah, anoe koe kami rek ditoedoeheun ka maneh. 'Geus kitoe maneh koe kami rek didamél bangsa gède, sarta kami rek ngabèrkahan ka maneh, djeung digèdekeun ngaran maneh, malah maneh pidjadieun matak bèrkah. 'Djeung kami tangtœ ngabèrkahan ka sakoer noe ngabèrkahan ka maneh; ari anoe njapa ka maneh, koe kami tangtœ disapa; sarta di djero maneh sakabehna bangsa di boemi bakal pada kabèrkahan.

a Lal. 7:2-4.

b 2 Moesa 23:22. c p. 18:18; 22:18; Lal. 3:25; Gal. 3:8, 14.

4 Bral Abram angkat, sakoemaha pangandika Pangeran ka andjeunna teja, sarta Eloet teja ngiring. Ari oemoer Abram, mangsa andjeunna ka loewar ti Haran, toedjoeh poeloeh taoen. 5 poendjoel lima taoen. 'Djeung deui Abram njandak Sara geureuhana, sarta Eloet, poetra saderekna teja, kitoe deui sakabeh radja-kajana, kagoengan arandjeunna, sarawoeh djalma-djalma beunang arandjeunna di Haran, toeloej boedal, sèdja ngalih ka tanah Kanaän; tidinja saroemping ka tanah Kanaän.

a Ibr. 11:8. b p. 11:31. c p. 14:14.

6 Dèmi Abram ladjeng deui angkatna dina eta tanah, dongkap ka hidji ènggon, ngaran Sèkem, dongkap ka pasang More. Mangsa harita tanah eta keur dieusian koe oerang Kanaän. 7 Tidinja Pangeran nembongan ka Abram, bari nimbali kieu: "Tanah ijeu koe kami rek dipaparinkeun ka toeroenan maneh. Toeloej Abram ngadamél hidji altar di dinja bade ka Pangeran, anoe nembongan ka andjeunna teja. 'Geus kitoe djèngkar deui ti dinja, ngalih ka pigoenoengan anoe wetaneun Bet-El, seug masang himah; ari nagara Bet-El ti koelon, djeung nagara Ai ti wetan. Djeung ngadamél hidji altar di dinja bade ka Pangeran, sarta njèboet padjénengan Pangeran. 8 Tidinja Abram ngalih deui, ari angkatna beuki ngidoel beuki ngidoel.

a p. 35:4. b p. 13:15; 15:18; 17:8; 5 Moesa 34:4. c p. 28:19. d p. 4:26.

10 Parèng dina tanah eta patjèklik, anoe matak Abram angkat ka Mèsir, sèdja njemah di dinja, wantoe-wantoe patjèklik teh bangèt katjida dina eta tanah. 11 'Dèmi geus kitoe, ana geus deukeut, arek soemping ka Mèsir, pok Abram ngalahir ka Sara geureuhana: "Sañjana, akang tèrang pisan, jen njai istri geulis roepa. 'Ari èngkena, samangsa oerang Mèsir pinarendjoen ka njai, meureun ngaromong kieu: 'Eta teh pamadjikanana; seg akang meureun dipaehan, ari njai mah dihiroepan. 'Manna moedoe njèboet, diri njai teh ka akang pèrnah doeloer; soepaja akang rahajoe koe lantaran njai, sarta diri 14 akang hiroep koe karana njai. 'Dèmi geus kitoe, sasoempingna Abram ka Mèsir, seng oerang Mèsir narendjo eta istri, katendjo jen geulis kawanti-wanti. 15 'Malah para kapala Piraon ge narendjo eta istri, seg diparoedji ka pajoeneun Piraon. Toeloej istri teh diala ka gedong Piraon. 'Djeung deui Piraon ka Abram milampah kahadean tina sabab eta istri, meunang domba, sapi djeung kalde, sarta boedak lalaki-awewe, kitoe 17 deui kalde bikang reudjeung onta. 'Dèmi Pangeran ngagèboeg ka Piraon, dipaparin balahi reja sarta galède, kitoe deui ka saeusi gedongna, koe hal pèrkara Sara, geureuha Abram teja. 'Tidinja Abram koe Piraon disaoer, bari seug dilahiran kieu: "Naha sampejan mana milampah kitoe ka kaola? 'Koe naon sampejan hanteu mopojan ka kaola, jen eta teh geureuha sampejan? 19 'Koe naon sampejan mana njèboet, jen: 'Eta doeloer kaola; noe matak eta teh koe kaola diala, sèdja dek didjèun garwa? Ari ajeuna, top ijeu geureuha sampejan; geura bawa, toeloej moelang! 20 'Sarta Piraon miwarangan djalma-djalma koe hal andjeunna, toeloej andjeunna, djeung geureuhana, sarta djeung sakabeh kagoenganana, koe eta didjapkeun.

a p. 26:7. b p. 20:12.

c p. 20:3, 7; Djab. 105:14. d p. 20:9.

PASAL 13.

Bral Abram angkat ti Mèsir, toeloej moelih ka tanah kidoel teja, njandak geureuhana djeung sakabeh kagoengana, sarta Eloet teja ngiring. 'Ari

Abram teh^b soegih liwat saking, loba
 3 ingon-ingon reudjeung emas-perak. 'Geus
 kitoe djéngkar deui ti tanah kidoel,
 mapaj oeroetna angkat; ladjéng dong-
 kap ka Bet-El, c ka énggon oeroet hi-
 mahna tadina, di antara Bet-El reudjeung
 4 Ai; 'kana énggon altar, anoe beunang
 andjeunna ngadamél di dinja keur ba-
 rangmimiti teja; toeloej Abram di di-
 nja njéboet padjénéngan Pangeran.

a p. 12:4. b p. 24:35. c p. 12:8; 28:19.

d p. 4:26; 12:8.

5 Ari Éloet, anoe sasaréngan angkat
 djeung Abram teja, eta oge kagoengan
 domba djeung sapi, sarta himah reja
 6 pisan. 'Demi eta tanah, a hanteu koewat
 koe arandjeunna ditjalikan sasaréngan,
 wantoe-wantoe loba pisan radja-kajana,
 mana arandjeunna geus teu kadoe-
 7 gaeun tjalik sasaréngan. 'Geus kitoe
 taroekang ngangon ingon-ingon Abram
 djadi paseja djeung taroekang ngangon
 ingon-ingon Eloet. Malah-malah tanah
 eta mangsa harita keur diénggonan koe
 oerang Kanaän djeung koe oerang Pa-
 8 res. 'Toeloej Abram ngalahir ka Éloet:
 b Atoeh oelah aja paséndatan di antara
 oewa djeung agoes, kitoe deui di an-
 tara toekang ngangon oewa djeung toe-
 kang ngangon agoes, karana oerang
 9 teh doeloer. 'Naha satanah kabéh c lain
 aja di hareupeun agoes? Ménding misah
 bae ti oewa. Oepama agoes hajang
 ngentja, oewa dek ngatoehoe; sabalikna
 oepama agoes hajang ngatoehoe, oewa
 dek ngentja.

a p. 36:7. b Roem 12:18.

c p. 10:15; 34:10.

10 Tidinja Éloet teh tjéngkat sotjana,
 ningalikeun sakoeriling tanah lempar
 pélébah tji Jordan; katingali jen sa-
 koerilingna soegih tjai; samemeh Pa-
 ngeran ngaroeksakkeun nagara Sadoe-
 moe djeung Gomora, eta teh a lir taman
 Pangeran teja, sakoemaba tanah Mésir,
 11 tépi ka nagara b Soar. 'Toeloej Éloet
 teh milih eta sakoeriling tanah lempar
 pélébah tji Jordan teja; bral Eloet nga-
 lih ka sabeubah ti wetan; djadi papi-
 12 sah saoeorang ti noe saoeorang deui. 'Ari
 Abram tétép tjalik dina tanah Kanaän,
 demi Éloet tjalikna di nagara-nagara
 tanah lempar teja, sarta masangna hi-
 13 mah c tépi ka nagara Sadoemoe. 'Demi
 oerang Sadoemoe d djalma garoreng,

pada migawe dosa ka Pangeran bangét
 katjida.

a p. 2:8. b p. 19:22. c p. 14:12.

d p. 18:20.

14 Tidinja Pangeran nimbalan ka Abram,
 sanggeusna Eloet misah ti andjeunna,
 nja kijeu: Geura tjéngkat panon maneh,
 koedoe nendjo ti énggon anoe keur di-
 ajaan koe maneh, ngaler, ngidoel, nge-
 15 tan, ngoelon. 'Karana a sakoeriling ta-
 nah, anoe katendjo koe maneh, koe
 kami rek dipaparinkeun ka maneh
 djeung ka toeroenan maneh, salalang-
 16 gégna. 'Djeung deui b toerōenan maneh
 koe kami rek didjadikeun saperti keu-
 sik anoe aja di boemi, sahingga oepama
 aja djalma anoe bisa milangan kana
 keusik anoe aja di boemi, toeroenan
 17 maneh ge beunang dibilang. 'Goura
 maneh dangdan, ngidēran ijeu tanah,
 sing kasorang palajoena djeung pang-
 gērētna, karana koe kami rek dipapa-
 18 rinkeun ka maneh. 'Tidinja Abram min-
 dahkeun himah, geus kitoe soemping,
 toeloej tjalik di c ki pasang Mamre,
 anoe di nagara Hebron, sarta ngadamél
 hidji altar di dinja bade ka Pangeran.

a p. 12:7. b p. 15:5; Roem 4:17, 18. c p. 14:13, 24.

PASAL 14.

Ari geus kitoe, keur mangsa Amrapel,
 radja a Sinar; Arjok, radja Elasar;
 Kedor-Laomer, radja Elam, djeung Ti-
 2 dal, radja Gojim, 'eta ngaradégkeun
 perang ka Bera, radja Sadoemoe; djeung
 ka Birsar, radja Gomora; ka Sinab, ra-
 dja Adma; djeung ka Semeber, radja
 Séboim, sarta ka radja Bela, nja eta
 3 Soar. 'Anoe bijeu toeloej gémpoengan
 ka lébak Sidim, nja eta [noe ajeuna]
 4 laot Oejah teja. 'Doewa wélas taoen
 lilana pada koemawoela ka Kedor-La-
 omer teja, demi katiloe-wélas taoenna
 5 pada baha. 'Ari mangsa kaopat-wélas
 taoenna djéboel Kedor-Laomer sarta
 djeung radja-radja anoe babaréngan te-
 ja, pek pada ngelehkeun b oerang Rapa,
 di Astérot-Karnaim, djeung oerang Soe-
 sim, di Ham, sarta c oerang Emim, di
 6 Sawe-Kirjataim; 'kitoe deui d oerang
 Hor, dina pigoenoenganana Seir, tépi
 7 ka El-Paran, anoe sisi tégal légga. 'Ti-
 dinja pada malik, heg daratang ka En-
 Mispas, nja eta Kades, pek ngelehkeun
 satanah oerang Amalek, sarta djeung

- oerang Emor, noe tjaritjing di Hasason-Tamar. *a p. 11:2. b p. 15:20. c 5 Moesa 2:10. d 5 Moesa 2:12.*
- 8 Toeloej boedal radja Sadoemoe, radja Gomora, radja Adma, radja Sëboim, djeung radja Bela, nja eta Soar teja, seug pada tata-baris, sëdja ngalawan
- 9 përang di lëbak Sidim teja; 'nja eta ka Këdor-Laomer, radja Elam; ka Tidal, radja Gojim; ka Amrapel, radja Sinar, djeung ka Arjok, radja Elasar; opat radja dilawan koe noe lima radja. 'Dëmi lëbak Sidim teja pinoech koe lombang
- 10 "lentak. Toeloej radja Sadoemoe djeung radja Gomora kalaboer; broek raroeboeh di dinja; ari anoe kari maroeboes
- 11 ka pigoenoengan. 'Geus kitoe njarokot sakabeh radja-kaja Sadoemoe djeung Gomora, kitoe deui sakabeh kabirolepanana, bari toeloej maroelang. 'Malah mawa Eloet, poetra saderek Abram teja, sarta djeung radja-kajana, bari toeloej maroelang; ^b da andjeunna tjalikna di Sadoemoe. *a p. 11:3. b p. 13:12.*
- 13 Hol aja hidji kakaboeran, ngoeninga ka Abram, oerang Ibrani; ari andjeunna keur tjalik di ki pasang Mamre, oerang Emor, anoe doeloer Eskol djeung doeloer Aner; nja eta pada boga përdjangdjan reudjeung Abram. 'Barang Abram meunang bedja, jen soewanna didjarah, gantjang ngaboedalkeun sakoer anoe beunang andjeunna mitoeoeran, anoe asal didjoeroekeun di boemina, tiloe ratoes dalapan wëlas djalma, seug ngoedag-ngoedag dongkap ka nagara Dan.
- 14 'Toeloej ngabagikeun abdina, dëk koe andjeunna djeung abdi-abdina ditëmpoech ti peuting, diëlehkeun, bari seug dioedag-oedag dongkap ka Hoba, anoe kentjaeun Damsik. 'Tidinja andjeunna moelih, sakabeh radja-kaja ditjandak; samalah Eloet soewanna koe andjeunna ditjandak moelih sarta djeung radja-kajana; ari awewe-awewe sarta reudjeung bala pon kitoe kenek.
- 15 'Djol radja Sadoemoe ka loewar, mapagkeun ka andjeunna keur di djalan moelih, samantas ngelehkeun Këdor-Laomer sarta djeung radja-radja noe babarëngan teja; dipapagkeunana ka lëbak Sawe, ^a nja eta [noe ajeunna di-
- 16 sëboet] lëbak Radja. 'Djeung deui ^b Melkisidik, radja Salem, ngaloewarkeun roti
- djeung anggoer. Ari eta teh panghoeloe
- 17 Allah noe langkoeng agoeng. 'Sarta la-djëng ngabërkahan ka Abram, kijeu lahina: Moegi-moegi sing dibërkahan Abram koe Allah noe langkoeng agoeng.
- 18 noe kagoengan langit djeung boemi. 'Sagala poedji ka Allah noe langkoeng agoeng, anoe geus njelehkeun moesoeh-moesoeh andjeun ka panangan andjeun. Seug koe Abram dihatoeranan ^c sapër-
- 19 poeloehna tina sakabeh barang. 'Pok radja Sadoemoe misaoer ka Abram: Djalmana moegi paparinkeun ka kaeola, doepi radja-kajana mah sae tjandak
- 20 koe andjeun. 'Dëmi walonan Abram ka radja Sadoemoe: Kaeola ^d ngatjoengkeun leungeun ka Pangeran, Allah noe langkoeng agoeng, noe kagoengan la-
- 21 ngit djeung boemi, 'hamo pisan kaeola njokot, nadjan bënëang sakoekoelar, sarta nadjan tali taroempah salambar, atawa naon bae anoe djadi banda sampejan, bisi sampejan misaoer kijeu: Aing
- 22 noe ngabeungharkeun ka Abram. 'Ngan kadjaba noe dihakan koe baroedjang, djeung bagian ijeu djalma-djalma anoe miloe djeung kaeola, Aner, Eskol reudjeung Mamre, nja eta sina njarokot pibagianeanana. *a 2 Sam. 18:18. b Ibr. 7:1-3. c p. 28:22. d 2 Moesa 6:8; Wah. 10:5, 6.*

PASAL 15.

Sanggeusing përkara noe tadi teja, aja Spangandika Pangeran ka Abram dina tetendjoan, kijeu pangandikana: Eh Abram! maneh oelah sijeun-sijeun. Ijeu kami këpëng maneh, gadjaran maneh

2 anoe leuwih gëde. 'Dëmi pioendjoek Abram: Noen Goesti Pangeran! andjeun kërsa maparin naon ka simkoering! Ari simkoering teh mëngeke wangsoel teu nilarkeun anak, sarëng noe pigadoheun rorompok simkoering, nja eta poen Eli-

3 eser, oerang Damsik teja. 'Oendjoekan deui Abram teh: Noen, simkoering koe andjeun hanteu dipaparin toeroenan, sarëng sajaktosna, eta boedak noe didjoeroekeun di rorompok simkoering teja noe pidjadieun ahli waris simkoering.

4 'Sihoreng aja pangandika Pangeran ka andjeunna, kijeu pangandikana: Lain eta noe pidjadieun ahli waris maneh; ënjana mah anoe pibidjileun ti awak maneh, nja eta noe pidjadieun ahli wa-

ris maneh. 'Geus kitoe dipiwarang bidjil ka loewar; ladjeng ditimbalan kieu: Geura tanggah ka langit, bilang bentang-bentang, lamoen maneh bisa milangan tamah. Pangandikana deui ka andjeunna: ^a Pikitoeun toeroenan maneh. 'Ari Abram ^b përtjaja ka Pangeran, sarta eta koe Pangeran diëtangkeun djadi kabënëranana. 'Pangandikana deui ka andjeunna: Ijeu kami Pangeran, anoe ngaloewarkeun maneh ^c ti Oer, tanah Kasdim, kërsa maparin ka maneh ijeu tanah, soepaja kawaris koe maneh. 'Dëmi pioendjoekna: Noen Goesti Pangeran! ^d koemaha simkoering pitëranganana, jen bade kawaris koe simkoering? 'Pangandikana ka andjeunna: Kami pangnjokotkeun hidji sapi, oemoer tiloe taoen; hidji ëmbe, oemoer tiloe taoen; hidji domba lalaki, oemoer tiloe taoen; hidji tikoekoer djeung hidji djapati ngora. 'Gantjang eta sakabehna disangka-
 10 keun ka andjeunna, ^e sarta pada dibeulah di têngah-têngabna, bari hidji-hidji beulah diteundeun pahareup-hareup djeung batoerna; ngan ari manoekeun mah hanteu dibeulah. 'Djoet manoekeun bangsa njambër taroeroen ka babatang teja, dëmi koe Abram disijeuhkeun. 'Ari geus kitoe, keur soeroep panon-poë, seug Abram katangan tibra; sarta, doemadakan, kataradjang baloewas djeung
 13 poëk katjida pisan. 'Tidinja aja pangandika Pangeran ka Abram kieu: ^f Kanjahokeun koe maneh masing tégës, jen toeroenan maneh mëngke ngoembara dina tanah, anoe lain anoena, djeung bakal koemawoela ka oerang dinja, sarta eta bakal nganijaja ka maranehanana opat ratoes taoen lilana. 'Djeung deui eta bangsa, noe dikawoelaan koe maranehanana, ^g koe kami bakal dihoekoem; sanggeus kitoe toeloej ka laloewar, mawa radja-kaja
 15 loba pisan. 'Dëmi maneh mah pimijangeun ka karoehoen-karoehoen maneh djeung kasénangan; ^h bakal dikoeboer dimana geus kolot pisan. 'Ari toeroenan noe kaopat pimaroelangeun ka dijeu; karana kadorakaän oerang Emor tēpi ka ajeuna ⁱ tatjan datang ka pëpëkna. 'Dëmi harita panon-poë geus soeroep sarta poëk pisan; doemadakan, aja hidji hawoe hasenp, djeung hidji obor

hoeroeng, anoe njorang kana antara
 18 beunang motongan teja. 'Dina poë eta Pangeran ka Abram ngadamël përdjangdjan, kieu pangandikana: Tanah ijeu koe kami geus dipaparinkeun ka toeroenan maneh, ti sëmët ^j tjai Mësir tēpi ka tjai gëde, nja eta tji Prat teja: 'oerang Kain, oerang Kënas djeung oerang Kadmoni; 'oerang Het, oerang
 21 Pares djeung oerang Rapa; 'kitoe deui oerang Emor, oerang Kanaän, oerang Girgas sarta oerang Jëboes.

^a p. 13: 16; 22; 17; 5 Moesa 16: 22; Roem 4: 18; Ibr. 11: 12. ^b Roem 4: 3, 9, 18—22; Gal. 3: 6; Jak. 2: 23. ^c p. 11: 28. ^d Loek. 1: 18. ^e Jer. 34: 18, 19. ^f 2 Moesa 12: 40; Lal. 7: 6; Gal. 3: 17. ^g 2 Moesa 3: 20—22. ^h p. 25: 7, 8. ⁱ Mat. 23: 32. ^j Jos. 13: 3.

PASAL 16.

Ari Saraï, geureuha Abram, hanteu
 Apetraän pikeun andjeunna. Dëmi Saraï kagoengan ^a hidji eusi-boemi, oerang
 2 Mësir, ngaranna Hadjar. 'Hidji mangsa Saraï mihatoer ka Abram: Sajaktosna, koering teh koe Pangeran geus dipëpët, noe mawi teu pisan ngadjoeroe; soemangga andjeun ngalëbëtan ka eusi-
 imah koering, ^b malah-mandar koering diadëgkeun ti lantaran eta. Ari Abram teh noeroetkeun kana kasaoeran Saraï.
 3 'Toeloej Saraï, geureuha Abram, njandak eta Hadjar, oerang Mësir, eusi-boemina teja, bari seug disanggakeun ka Abram tjarogena, sina dianggo garwa. Mangsa harita geus meunang sapoeloeh taoen Abram tjalik di tanah
 4 Kanaän. 'Tidinja Abram ngalëbëtan ka Hadjar, seug njiram. Ana Hadjar geus tërangan, jen dirina reuneuh, toeloej djoeraganana istri koe pangrasa manehana
 5 hina. 'Pok Saraï mihatoer ka Abram: Pangdikanijaja koering teh ditëmpeohkeun ka andjeun. Koering bareto njanggakeun eusi-imah koering ka pangkon andjeun; dëmi geus tërangan, jen dirina reuneuh, seug koering koe pangrasa manehana hina. Pangeran moegi-moegi ngabërëran ijeu përkawis
 6 koering sarëng andjeun! 'Ari lahiran Abram ka Saraï: Saestoena, eusi-boemi njai teja aja dina panangan njai; mangga geura milampah ka dinja koemaha pihadeunana koe pangraos njai. Toeloej

koe Sara! dirëndahkeun, bijoer kaboer ti pajoeneunana. ^a Gal. 4:22. ^b p. 30:3, 9.

7 Geus kitoe Hadjar kapëndak koe Malaikat Pangeran pëlëbah tji-njoesoe, di tégäl lëga, nja eta pëlëbah tji-njoesoe

8 anoe di djalan ka tanah Soer. 'Pok ngalahir kijeu: Eh Hadjar, eusi-imah Sara! maneh datang ti mana sarta dek leumpang ka mana? Wangsoelanana: Noen soemoehoen, simkoering keur kaboer ti pajoeneun Sara, djoeragan sim-

9 koering. 'Lahiran Malaikat Pangeran ka dinja: Geura balik deui ka djoeragan maneh, djeung koedoe ngarëndahkeun

10 diri ka handapeun leungeunna. 'Ngalahir deui Malaikat Pangeran ka dinja: 'Kami ka maneh dek maparin toeroen loba pisan, datang ka teu beunang

11 dibilang tina kalobaanana. 'Aja deui lahiran Malaikat Pangeran ka dinja: Saénjana, maneh teh reuneuh, sarta bakal ngadjoeroekeun hidji anak lalaki, nja eta koe maneh koedoe dingaranan Ismail, sabab Pangeran geus ngamak-

12 boel kana kabalangsakan maneh. 'Ari eta teli pidjadieun manoesa adat saperti kalde leuweung; leungeunna bakal ngamoesoeh ka sakabehna, djeung leungeun sakabehna bakal ngamoesoeh ka manehana; ^b sarta bakal ngénggon ti hareupeun sakabeh doeloer-doeloerna.

13 'Tidinja koe Hadjar padjénengan Pangeran, anoe ngandika ka manehana teja, diséboetkeun: Andjeun Allah noe sipat ningal; karana tjarekna: Koetan aing di dijeu masih nendjo, sanggeus eta ningal ka aing? 'Kitoe noe matak eta soemoer pada njéboet ^c soemoer Laha!-Ro!; ajana di antara Kades djeung Bered. ^a p. 17:20. ^b p. 25:18. ^c p. 24:62; 25:11.

15 Geus kitoe Hadjar ngadjoeroe; Abram ti eta meunang poetra lalaki, sarta koe Abram eta poetrana, anoe beunang Hadjar ngadjoeroekeun teja, didjénengan Ismail. 'Ari oemoer Abram, basa Hadjar ngadjoeroekeun Ismail, poetra Abram teja, dalapan poeloeh taoen, poendjoel génëp taoen.

PASAL 17.

Mangsa Abram oemoerna dongkap ka salapan poeloeh taoen, poendjoel salapan taoen, hidji waktos Pangeran

nembongan ka Abram, sarta nimbalan ka andjeunna kijeu: ^a 'Ijeu kami Allah anoe moerba-wisesa; maneh koedoe loemampah di pajoeneun kami, sarta sing

2 satéménna. 'Moen kitoe mah kami rek maparin përdjangdjian kami di antara kami djeung maneh, sarta maneh koe kami didjéngkarkeun kaliwat-leuwih.

3 'Brëk Abram njoeoeh; ladjéng Allah ngandika ka andjeunna, kijeu pangan-

4 dikana: 'Moenggoeh kami teh, satéménna, përdjangdjian kami ka maneh, sarta

5 maneh pidjadieun bapa mangpirang-pirang bangsa. 'Ari ngaran maneh moal diséboet deui Abram, énjana ngaran maneh dilandi Ibrahim; karana maneh koe kami geus ditangtoekeun djadi bapa

6 mangpirang-pirang bangsa. 'Eta maneh koe kami rek disina baranahan kaliwat-leuwih, djeung maneh koe kami geus ditangtoekeun djadi bangsa reja pisan, sarta reja radja noe bakal ka

7 loewar ti maneh. 'Djeung kami rek ngadégkeun përdjangdjian kami di antara kami djeung maneh, sarta di antara anak-intjoe maneh pandeurieun maneh, toeroen-toemoeroen, djadi përdjangdjian langgëng, nja kami bakal Allah maneh, kitoe deui ka toeroenan maneh pandeurieun maneh. 'Sarta kami ka maneh, djeung ka toeroenan maneh pandeurieun maneh, rek maparin ijeu tanah pangombaraan maneh, nja eta sakoering tanah Kanaan, djadi milik langgëng; sarta ^c kami bakal Allahna.

^a p. 35:11; 2 Moesa 6:2. ^b Roem 4:17.

^c Ibr. 11:16.

9 Nimbalan deui Allah ka Ibrahim: Ari moenggoeh maneh mah, koedoe nges-toekeun përdjangdjian kami, nja diri maneh sarta djeung anak-intjoe maneh pandeurieun maneh, toeroen-toemoeroen. 'Nja ijeu përdjangdjian kami, anoe koe maraneh koedoe diéstoekeun di antara kami djeung maraneh, sarta di antara toeroenan maneh pandeurieun maneh teja: ^a sakabeh noe bangsa lalaki di maraneh koedoe disoenatan. 'Té-gës maraneh koedoe disoenatan nja daging kakoeloepan maraneh; nja eta noe djadi tanda përdjangdjian di antara

12 kami djeung maraneh teja. 'Tijap-tijap anak lalaki di maraneh, ^b anoe oemoer dalapan poë, koedoe disoenatan, sakoer

bae anoe bangsa lalaki satoeroenan-toeroenan maraneh: anoe asal didjoeroeun di imah, sarta noe beunang ngadoewit ti sakabeh djalma nagara sedjen, anoe teu kaasoep bangsa maneh.

13 'Anoe asal didjoeroeun di imah maneh, sarta noe beunang ngadoewit teja, misti disoenatan. Ari përdjangdjian kami piajaeunana dina daging maraneh, 14 djadi përdjangdjian langgëng. 'Sahasaha lalaki anoe koeloep, anoe hanteu disoenatan daging kakoeloepanana, nja eta djalma koedoe dibasmi, dileungitkeun ti bangsana, da ngarobahkeun përdjangdjian kami.

a Joh. 7: 22; Lal. 7: 8.

b p. 21: 4; 3 Moesa 12: 3; Loek. 2: 21.

- 15 Nimbalan deui Allah ka Ibrahim: Ngaran Saraï, pamadjikan maneh, koe maneh oelah disëboet deui Saraï, karna dilandi Sarah. 'Djeung kami ^a rek ngabërkahan ka dinja, malah kami ka maneh rek maparin hidji anak lalaki ti dinja; geus tangtoe kami ngabërkahan ka Sarah, sarta didjadikeun raja bangsa; loba radja, noe njarëkël bangsa raja 17 pisan, anoe pidjadieun ti dinja. 'Brëk Ibrahim njooeh, ^b bari goemoedjëng, sarta ngalahir sadjéro manahna: Karah anoe geus oemoer saratoes taoen teh pibogaem anak? Sarta ari Sarah, anoe oemoer salapan poeloeh taoen teh, karah bakal ngadoeroe? 'Pok Ibrahim oendjoekan ka Allah: Noen, moegi-moegi poen Ismail hiroep di pajoeneun 18 andjeun! 'Dëmi timbalan Allah: Saënja-ënjana Sarah, pamadjikan maneh, bakal ngadoeroeun hidji anak lalaki adjang maneh, nja eta koe maneh koedoe dingaranan Ishak, sarta kami rek ngadëgkeun përdjangdjian kami nja ka dinja, djadi përdjangdjian langgëng 20 ka anak-intjoena pandeurieunana. 'Ari moenggoeh Ismail teja kami geus ngamakboel ka maneh; masing njaho, ^c eta koe kami rek dibërkahan sarta disina baranahan; nja koe kami rek didjëngkarkeun kaliwat-leuwih. Eta mëngke poepoetra ^d doewa wëlas gëgëden, sarta manehanana koe kami rek didjadikeun 21 bangsa gëde. 'Tapi ari përdjangdjian kami teja, eta koe kami rek diadëgkeun ka Ishak, anoe koe Sarah bakal didjoeroeun adjang maneh taoen hareup, tëpoeng mangsa kiwari. 'Parantos

ngandikana ka andjeunna; ladjëng Allah moenggah ti Ibrahim.

a p. 18: 10.

b p. 18: 12. *c* p. 10: 10; 21: 13. *d* p. 25: 1-10.

- 23 Tidinja Ibrahim njandak Ismail poetrana, djeung sakabeh anoe asal didjoeroeun di boemina, kitoe deui sakabeh anoe beunang andjeunna ngartos, sakoer bae noe lalaki dina djalma-djalma eusi boemi Ibrahim; toeloeh koe andjeunna pada disoenatan daging kakoeloepanana dina poë harita kenéh, sakoemaha pangandika Allah ka andjeunna teja. 'Ari oemoer Ibrahim, mangsa disoenatan daging kakoeloepanana teh, salapan poeloeh salapan taoen. 25 'Dëmi oemoer Ismail poetrana, mangsa disoenatan daging kakoeloepanana 26 teh, tiloe wëlas taoen. 'Dina poë harita kenéh disoenatan Ibrahim djeung Ismail poetrana. 'Ari sakabeh djalma lalaki eusi boemi Ibrahim, anoe asal didjoeroeun di boemina sarta noe beunang ngartos ti djalma nagara sedjen, pada disoenatan barëng djeung andjeunna.

PASAL 18.

- Tidinja Pangeran nembongan deui ka Ibrahim di ^a ki pasang Mamre teja. Kabënëran andjeunna keur tjalik dina lawang himah, keur wantji panas poëna.
- 2 'Ana tjëngkat sotjana sarta ngareret, beh tiloe djalma ngaradëg pabënëranana. Barang katingali, bral moeroe, ngadeuheusan ka tiloean tina lawang himah, bari seug soedjoed kana tanen.
- 3 'Toeloeh oendjoekan kieu: Noen, Goesti! madak-madak simkoering mëndak koer-nija dina sotja Goesti, moegi oelah ngaliwat ti abdi gamparan. 'Moegi kërsa dihatieran tjaïsaeutik, badegamparan ngaroembah dampal, sarëng lalinggih heula 5 handapeun ijeu kai. 'Ari simkoering sëdja ngahatoeranan roti sapoeloekaneun, soepaja gamparan salëgër manah; parantos toewang soemangga laladjëng deui; karantën kitoe noe mawi ngaliwat ka abdi gamparan. Ari lahiran tiloean: Seg bae milampah kitoe, sakoemaha kasaoeran sampejan.
- a* p. 13: 18.
- 6 Ngagewat Ibrahim kana himah, ka Sarah; pok ngalahir kieu: Geuwat njai ngadonan tipoeng lëmës tiloe takër, 7 moedoe njijeun koeweh. 'Heg Ibrahim

moeroe kana sapi, pek njandak hidji anak sapi, anoe ngora nja aloes, sok diselehkeun ka hidji boedjang; ngagewat koe eta disadijakeun. 'Tidinja njandak mantega djeung tji-soesoe, kitoe deui anak sapi beunang njadijakeun teja, bari dihatoerkeun sakali ka noe tiloean; ari andjeunna seug ngadegan ka noe tiloean di handapeun kai teja; toeloej eta taroewang.

- 9 Geus kitoe noe tiloean ngalahir ka Ibrahim: Di mana Sarah, pamadjikan sampejan? Wangsoelanana: Soemoe-hoen, aja di djero himah. 'Ngalahir deui noe saorang: "Tepoeng waktow kiwari kami tangtoe datang deui ka maneh; harita Sarah, pamadjikan maneh, satemenna pibogaun anak lalaki. Kareungeun koe Sarah dina lawang himah, noe di poengkoereun anoe ngalahir. 'Demi Ibrahim djeung Sarah geus pada sepoeh, geus lalila pisan nja oemoer; geus eureun Sarah teh adat-bijasa awewe. 'Seug Sarah goemoedjeng sadjeroning batinna, bari njaoer: Aing sanggeus sakijeu kolotna, naha bakal katangan hajang sarasmi? 'Ari goesti aing ge geus sepoeh.
- 13 'Nimbalan Pangeran ka Ibrahim: Koe naon Sarah anoe matak seuri, bari ngomong: Naha aing saenjana bakal ngadjoeroe? kapan aing geus kolot? 'Naha di Pangeran aja noe pimoestahileun? Ana geus nepi ka mangsana, kami tangtoe datang deui ka maneh, nja dina tepoeng waktow kiwari, harita Sarah pibogaun anak lalaki. 'Ari Sarah teh nganglès, pioendjoekna: Hanteu seuri koering teh; wantoe-wantoe sijeuneun. Demi timbalanana: Moal enja, poegoeh pisan maneh teh seuri.

a p. 17: 19, 21; Roem 9: 9. b p. 17: 17. c 1 Petr. 3: 6. d Mat. 19: 26; Look. 1: 37.

- 16 Neut eta djalma ngaradeg, arangkat ti dinja, majoen ka nagara Sadoemoe; ari Ibrahim ngiring ngadjadjapkeun.
- 17 'Ladjeng Pangeran nimbalan: "Koemaha kami rek noetopan ka Ibrahim, anoe koe kami rek didamél? 'Da Ibrahim tangtoe pidjadiun bangsa gedé nja rosa, toer di djero manehanana sakabehna bangsa di boemi bakal pada kaberkahan. 'Karana Ibrahim koe kami geus dipioeninga, soepaja manehanana paparentah ka anak-anakna djeung ka

saesi-imahna pandeurieunana, sina pada ngestoekeun djalan Pangeran, ngalampahkeun kabeneran djeung kaadilan, sangkan Pangeran ka Ibrahim ngadatangkeun sakoer anoe koe Pangeran geus didjangdjikeun ka manehanana.

- 20 'Nimbalan deui Pangeran: Djedjéritan Sadoemoe djeung Gomora nja rosa pisan, sarta dosana nja bangét katjida;
- 21 'Noe matak kami ajeuna angkat, dek ngawaspadakeun, eta teh kalakoeanana geus datang ka antekna, tēroes sapanjambatna anoe datang ka kami, atawa hanteu; kami hajang oeninga. 'Seug eta djalma anoe doewa pada malik ti dinja, ladjeng angkatna ka Sadoemoe; demi Ibrahim masih keneh nangtoeng di pajoeneun Pangeran.

a Am. 3: 7; Joh. 15: 15; Jak. 2: 23. b p. 11: 5.

- 23 Sēr Ibrahim marék, sarta oendjoekan kijeun: Noen koemaha, djalma noe bēnēr koe andjeun bade ditoempoer oge sinarēngan noe doraka? 'Manawi aja lima poeloeh djalma noe bēnēr di djero eta nagara. Koemaha eta koe andjeun bade ditoempoer oge, sarēng ēnggon teh moal dihampoera tina sabab eta noe lima poeloeh djalma noe balēnēr, anoe di tēngahna? 'Palijas teuing andjeun teh, midamēl anoe kitoe pētana, maehkeun djalma noe bēnēr sinarēngan noe doraka, djadi djalma noe bēnēr disamikeun sarēng noe doraka. Palijas teuing andjeun teh! Naha ari "Hakim saboemi kabeh moal midamēl kaadilan? 'Demi timbalan Pangeran: Oepama kami di Sadoemoe, di djero nagara, manggih lima poeloeh djalma noe bēnēr, tangtoe saēnggon kabeh koe kami dihampoera koe karana eta.
- a AJ. 8: 3; Djab. 9: 5; 94: 2.
- 27 Ngawangsoel Ibrahim, kijeun wangsoelanana: Noen, simkoering koemapoeroen oendjoekan ka Goesti, sanadjan simkoering teh "sipat taneuh sarēng lēboe bae.
- 28 'Manawi kana lima poeloeh djalma noe bēnēr kirang lima: koemaha andjeun bade ngaroeksakkeun sanagara kabeh tina sabab anoe lima? 'Demi timbalanana: Moal diroeksak, lamoen kami di dinja manggih opat poeloeh lima.

a p. 2: 7.

- 29 Seug Ibrahim oendjoekan deui ka andjeunna, kijeun pioendjoekna: Manawi di dinja kapēndak opat poeloeh. Dēnfi tim-

balanana: Moal koe kami didamël koe karana noe opat poeloeh.

30 Pioendjoekna deui: Moegi-moegi Goesti oelah bëndoe, rehing simkoering oendjoekan deui: manawi di dinja kapëndak tiloe poeloeh. Dëmi timbalanana: Moal koe kami didamël, oepama kami di dinja manggih tiloe poeloeh.

31 Pioendjoekna deui: Noen, simkoering koemapoeroen oendjoekan deui ka Goesti: manawi di dinja kapëndak doewa poeloeh. Dëmi timbalanana: Moal koe kami diroeksak koe karana noe doewa poeloeh.

32 Pioendjoekna deui: Moegi-moegi Goesti oelah bëndoe, rehing simkoering oendjoekan sakali deui bae: manawi di dinja kapëndak sapoeloeh. Dëmi timbalanana: Moal koe kami diroeksak koe karana noe sapoeloeh.

33 Barang parantos Pangeran ngandika ka Ibrahim, ladjëng angkat; dëmi Ibrahim moelih ka ënggonna.

PASAL 19.

Ari eta doewa malaikat teja saroem-
Apingna ka Sadoemoe wantji boerit. Kabënëran Eloet keur tjalik dina lawang Sadoemoe. Barang katingali koe Eloet, neut indit mapagkeun, brék soedjoed, njoeoeh kana taneuh, 'sarta mi-hatoer kijeu: Noen Djoeragan! moegi sarindang ka rorompok abdi gamparan, sarawoeh koelëm; ^a sarëng mangga, ngaroembah dampal andjeun; ari isoek-isoek mangga dangdan, ladjëngkeun djalman andjeun. Ari walonanana: Montong, sabab dek meuting di loeloeroeng bae.

3 'Dëmi Eloet liwat saking nja ngeukeuhan ka noe doewaän; ^b seug sindang ka andjeunna, pada lëbët ka boemina. Gantjang koe Eloet dipangnjadijakeun soesoegoeh, sarta ngadamël roti teu ragian; ^c ladjëng eta taroewang. ^a p. 18:4.

^b Ibr. 13:2. ^c p. 18:8.

4 Samemeh noe doewaän arebog, boeroeboel oerang nagara eta, oerang Sadoemoe, kolot-boedak, sakabeh djalma ti satoengtoengna, ngalingkoengan ka eta imah. 'Geus kitoe pada njëlöekan Eloet, sarta ngaromong kijeu ka andjeunna: Di mana eta djalma, noe daratang ka maneh peuting ijeu? Geura ka-loewarkeun ka koela sakabeh, ^a koe

6 koela dek didjima. 'Tidinja Eloet ka loewar ka maranehanana ka hareupeun lawangna, bari meundeutkeun pantona

7 poengkoereunana. 'Pok misaoer kijeu: Eh doeloer-doeloer! poma oelah milam-

8 pah kagorengan kitoe. 'Saënjana, kaoela boga doewa anak awewe, anoe tatjan lakian; nja eta koe kaoela dek dikaloewarkeun ka maraneh, seg eta koe maraneh pilampah sakoemaha pihadeunana koe pangrasa maraneh; ngan djalma noe doewa teja koe maraneh poma oelah dikijeu-kijeu, karana nja kitoe noe matak ngjoechan ka hateup

9 imah kaoela. 'Dëmi omongan djalma djalma teja: Geura isër ka dijeu! Ngaromongna deui: ^b Eta mah hidji djalma pangdatangna dek njemah, padahal sok ngahoekoeman-hoekoeman bae. Ajeuna koela dek migawe goreng ka maneh, leuwih ti batan ka dinja. 'Toeloelj pada habën ngarangsëg ka eta djalma, nja ka Eloet teja, sarta ngadësëk-dësëk,

10 dek ngaroeksakkeun pantona. 'Gantjang djalma noe doewa teja njodorkeun pangananana, pek Eloet dikeumbing ka arandjeunna, ka djëro imah, bari pantona dipeundeutkeun. 'Sarta eta djalma djalma noe di hareupeun lawang imah teja, gëde-leutik koe arandjeunna digëboegan ^c dibaroetakeun, wëleh njaroesahkeun maneh manggih lawangna.

^a 3 Moesa 20:13; Roem 1:27; Joed. 7. ^b 2 Petr. 2:7. ^c 2 Radja 6:18.

12 Tidinja eta doewa djalma ngalahir ka Eloet: Saha ahli maneh di dijeu? Minantoe, djeung anak maneh lalaki-awewe, sarta sakoer bae ahli maneh di nagara ijeu, geura ka-loewarkeun ti

13 ijeu ënggon; 'karana ijeu ënggon koe kami dek diroeksakkeun, sabab ^a rosa pisan panjabatna ka pajoeneun Pangeran, anoe matak kami koe Pangeran pada dipiwarang ngaroeksak inja.

14 'Bral Eloet ka loewar, misaoer ka noe doewa piminantoeëunana, noe rek ngawin ka poetrana noe istri; kijeu saorna: Geura darangdan, geuwat ka loewar ti ijeu ënggon; karana Pangeran kërsa ngaroeksakkeun ijeu nagara. Dëmi andjeunna koe pangrasa piminantoeëunana kawas noe banjol. 'Geus kitoe, barang balebat padjar, seug Eloet koe noe doewa malaikat digëntakkeun, ari lahira-

- nana: Geura djoeng, bawa pamadjikan maneh, djeung eta doewa anak maneh noe awewe, anoe djonghok, ^b soepaja maneh oelah katiwasan koe kadorakaän ijeu nagara. 'Dëmi Eloet talangke; pek eta doewa djalma njarékël panangan andjeunna, kitoe deui panangan geureuhana sarta panangan doewa poetrana, tina kawelasan, Pangeran ka andjeunna, ^c seug ditjandak bidjil, bari toeloj ditundeun di loewareun nagara. *a p. 18:20. b 4 Moesa 16:20; Jér. 51:6. c 2 Petr. 2:9.*
- 17 Ari sanggeusna eta sadajana ditjandak ka loewar, pok noe saorang ngalahir kijeu: Geura ngarahajoekeun njawa maneh; poma oelah ngalijeuk ka toekang, sarta oelah ngarandég di salégana ijeu tanah lempar. Geura ngarahajoekeun maneh ka pigoenoengan, soepaja oelah katiwasan. 'Pioendjoe Eloet ka arandjeunna: Noen Goesti! moegi oelah kitoe. 'Sajaktosna, abdi teh mëndak sih-koernija dina sotja andjeun, sarëng kalangkoeng agoeng kaäsiban andjeun, anoe koe andjeun geus dipidamël ka diri simkoering, moenggah ngahiroepan kana njawa simkoering. Ari simkoering teh hanteu wërat ngarahajoekeun maneh ka pigoenoengan, bisi simkoering kaboedjeng koe katjilakaän teja, toeloj paeh. 'Toeh geuning, nagara eta mah deukeut pikeun moeroe ka dinja, sarëngna leutik. Moegi simkoering diidinan ngarahajoekeun maneh ka dinja. Lain leutik eta teh? Tinangtos njawa simkoering hiroep. 'Ari walonanana ka Eloet: Hade, përkara ijeu oge kami narima panëda maneh; moal waka kami ngabalikkeun eta nagara, noe koe maneh ditjatoerkeun. 'Geuwat ngarahajoekeun maneh ka dinja; karana kami moal bisa migawe kitoe-kijeu, ari maneh tatan datang ka dinja. Kitoe noe matak eta nagara disëboetkeun Soar. 'Barang Eloet dongkap ka Soar, braj panon-poë bidjil ka loehoereun boemi. 'Goer Pangeran ^a ka Sadoemoe djeung ka Gomora noeroenkeun hoedjan walirang djeung seuneu, ti salira Pangeran, ti langit. 'Sarta eta sagala nagara, djeung salégana tanah lempar, katoet sakabeh priboemi nagara-nagara teja, malah noe djaradi dina taneuh oge, ^b koe Pangeran 26 dibalikkeun. 'Ari pamadjikan Eloet ^c

ngalijeuk ka toekang ti poengkoereun andjeunna, kasëdëk djadi tilang oejah.

a 5 Moesa 29:23; Djab. 11:6; Look. 17:29.

b Jér. 50:40; 2 Petr. 2:6. c Look. 17:32.

- 27 Barang braj isoeuk, gantjang Ibrahim dangdan, angkat ka ënggon ^a oeroet andjeunna ngadég di pajoeneun Pangeran teja. 'Tidinja mëlóng ka lëbah Sadoemoe djeung Gomora, sarta ka lëbah salégana tanah lempar teja; katingali beh tina boemi ngëboel haseup, saperti 28 haseup tina pameuleuman. 'Dëmi keur mangsa Allah ngaroeksakkeun sagala nagara tanah lempar teja, Allah emoe- 29 teun ka Ibrahim, ladjeng ngaleupaskenn Eloet ti têngah ënggon anoe dibalik, basa koe andjeunna dibalikkeun eta sagala nagara, ënggon Eloet tjalik teja. *a p. 18:22.*

- 30 Tidinja Eloet angkat deui ti Soar, toeloj tjalik di pigoenoengan, ari doewa poetrana noe istri teja ditjandak; karana andjeunna sijeuneun tjalik di Soar. Ari tjalikna di djero hidji goeha, 31 nja andjeunna sarta djeung doewa poetrana teja. 'Hidji mangsa lantjeukna njaoer ka rajina: Rama oerang geus sëpoe, sarta taja djalma lalaki dina tanah ijeu, baris mandjingan ka oerang, 32 koemaha adat di saboemi kabeh. 'Tjing, oerang ka rama ngaleuteun anggoer, ^a seg oerang ebog reudjeung rama, soepaja oerang ngajakeun toeroenan ti 33 rama oerang. 'Prak pada ngaleuteun anggoer ka ramana dina peuting eta; geus kitoe lantjeukna asoep, doeg ebog reudjeung ramana; dëmi Eloet teu oeningaeun dina ngëdëngna djeung dina 34 hoedangna. 'Ari isoeukna pok lantjeukna njaoer ka rajina: Eta atjeuk peuting tadi ebog reudjeung rama; tjiik, oerang peuting ëngke ngaleuteun deui anggoer, seg adi asoep, ebog reudjeung rama, soepaja oerang ngajakeun toeroenan ti rama oerang. 'Prak peuting eta 35 ngaleuteun deui anggoer ka ramana; toeloj rajina dangdan, doeg ebog djeung andjeunna; dëmi Eloet teu oeningaeun dina ngëdëngna djeung dina hoedangna. 36 'Tidinja noe doewa poetra Eloet teh 37 pada bobot ti ramana. 'Geus kitoe lantjeukna ngowokeun hidji poetra lalaki; toeloj dingaranan ^b Moab; nja eta teh karoehoen oerang Moab, tēpi ka mangsa

38 ajeuna. 'Ari rajina kitoe keneh ngowo-
keun hidji poetra lalaki; toeloelj dinga-
ranan Ben-Ami; nja eta teh karoehoen
b bangsa Amon, tépi ka mangsa ajeuna.

a 3 Moesa 18:7. b 5 Moesa 2:9, 19; 23:3.

PASAL 20.

Geus kitoe Ibrahim ngalih deui ti dinja,
a nja ka tanah kidoel teja, toeloelj
tjalik di antara Kades djeung Soer,
2 ngoembara di tanah Gérar. 'Ari Ibrahim
sok njaoerkeun Sarah geureuhana, jen:
b Eta teh doeloer kaoela. Tidinja Abi-
melek, radja Gérar, ngoatoesan, eta Sa-
rah diala. 'Tatapi Allah c njoempingan
ka Abimelek dina impian ti peuting,
sarta nimbalan ka dinja kijeun: Masing
njaho, maneh paeh, tina hal awewe
beunang maneh njokot teja; karana eta
4 teh boga salaki. 'Dëmi Abimelek tatjan
ngadeukeutan ka Sarah, mana oendjoe-
kan kijeun: Eh Goesti! naha bangsa noe
bënör oge koe andjeun bade dimang-
5 sakeun? 'Mapan eta djalma mitjatoer
ka koering, jen: Eta teh doeloer kaoela;
ari djinisna ge kitoe keneh, tjatoerna
jen: Eta teh doeloer kaoela. Soemoeh-
hoen, koering milampah kitoe teh ka-
lawan hate noe satëmënna sarëng ka-
6 lawan leungeun noe bërësih. 'Ari tim-
balan Allah ka radja dina impian teh:
Kami oge oeninga, maneh pangmilam-
pah kitoe kalawan hate noe satëmënna;
malah-malah kami ngahalangan ka ma-
neh, oelah milampah dosa ka kami;
kitoe noe matak maneh koe kami han-
7 teu diidinan njabak ka dinja. 'Ari ajeuna
geura poelangkeun koe maneh pama-
djikan eta djalma; karana d eta teh nabi,
sarta bakal manguédakeun ka maneh,
tangtoe maneh hiroep; sabalikna, oepa-
ma koe maneh hanteu dipoelangkeun
mah, masing nganjahokeun, jen maneh
teh tangtoe paeh, nja diri maneh sarta
djeung sakabeh ahli maneh. a p. 12:9.

b p. 12:13; 26:7. c p. 31:24. d Djab. 105:15;
A. 42:8.

8 Geus kitoe Abimelek tanghi isoek-
isoek, gantjang njaoer sakabeh abdina,
bari seg ngawartakeun sakabeh pangan-
dika noe tadi teja, sing kadenge koe
maranehanana. Toeloelj eta djalma pada
9 sarijeuneun katjida. 'Tidinja Abimelek
ngaloeloengsoer tjalik ka Ibrahim, sarta

misaoer ka andjeunna kijeun: a Naha an-
djeun midamël kitoe ka kaoela sakabeh?
sarëng nahaon dosa kaoela ka andjeun,
anoe matak andjeun ka kaoela sarëng
ka karadjaan kaoela ngadatangkeun do-
sa sakitoe gëde? Andjeun ka kaoela geus
midamël lalampahan anoe hanteu pan-
10 tès dipilampah. 'Saoer deui Abimelek
ka Ibrahim: Nahaon anoe katingali koo
andjeun, anoe matak midamël anoe ki-
11 toe pëtana? 'Ngawalon Ibrahim: Sabab
pikir kaoela: Geus poegoeh oerang ëng-
gon ijeu hanteu sijeun koe Allah; b aing
koe eta meureun dipaehlan tina hal
12 përkara pamadjikan aing. 'Malah sajak-
tina doeloer kaoela; anak rama kaoela
eta teh, nanging lain anak iboe kaoela;
13 toeloelj djadi bodjo kaoela. 'Geus kitoe,
keur mangsa kaoela koe Allah dipiwa-
rang ngoembara, ka loewar ti imah bapa
kaoela, pok kaoela ngomong ka dinja:
Nja ijeu kahemanan, anoe koe njai koe-
doe dilampahkeun ka akang: di sam-
barang ënggon, mana bae anoe koe
oerang didatangan, njai koedoe njëboet-
keun akang, jen: Eta teh doeloer kaoela.

a p. 12:18; 26:10. b p. 26:9.

14 Tidinja Abimelek njandak domba
djeung sapi, kitoe deui boedak lalaki-
awewe, seug dihatoerkeun ka Ibrahim;
sarta Sarah geureuhana dipoelangkeun
15 deui ka andjeunna. 'Ari saoer Abimelek:
'Tah, tanah kaoela aja di pajoeneun an-
djeun; mangga tjalik di mana bae pi-
16 saeëunana koe pangraos andjeun. 'Dëmi
ka Sarah saorna: Eta kaoela ka sa-
derek njai mere sareboe wang perak;
masing ngingëtkeun, eta teli pikeun
njai, baris toetoeper sotja di sakabeh anoe
reureudjeungan djeung njai, sarta sa-
gala noe tadi teja njai teh sabënërna.
17 Tidinja koe Ibrahim dipangnédakeun
ka Allah; ladjeng Allah njageurkeun
Abimelek djeung garwana, kitoe deui
sëlir-sëlirna, noe matak pada poetraän.
18 'Karana Pangeran tadi geus mëpëtkeun
sakabeh pianakan saeusi boemi Abi-
melek, tina hal përkara Sarah, geu-
reuha Ibrahim.

PASAL 21.

Tidinja Pangeran ngalajad ka Sarah
a sakoemaha timbalanana, sarta Pa-
ngeran ngadamël ka Sarah sakoemaha

2 pangandikana teja. 'Geus kitoe^b bobot, toeloej Sarah ngowokeun pikeun Ibrahim hidji poetra lalaki, eukeur Ibrahim geus sêpoe, dina mangsa noe koe Pangeran diandikakeun ka Ibrahim teja.

3 'Ari eta poetra, anoe diwédalkeun keur Ibrahim, anoe beunang Sarah ngowokeun keur andjeunna teja, koe Ibrahim

4 didjénnganan^c Ishak. 'Sarta eta Ishak poetrana, barang geus dalapan poé oemoerna, koe Ibrahim disoenatan,^d sa-koemaha timbalan Allah ka andjeunna

5 teja. 'Ari oemoer Ibrahim, mangsa Ishak poetrana diowokeun keur andjeun-

6 na teja, ^e saratoes taoen. 'Pok Sarah ngalahir: Allah ka kaoela geus midamél^f anoe matak seuri; saha-saha noe ngadenge, tangtöe miloe seuri ka ka-

7 oela. 'Lahirna deui: Saha noe tadina ka Ibrahim pibisaeun mopojan, jen: Sarah bakal njoesoean anak? karana kaoela ngadjoeoroekeun anak teh keur andjeunna geus sêpoe. ^a p. 17: 19; 18: 10.

^b Gal. 4: 23; Ibr. 11: 11. ^c p. 17: 19. ^d p. 17: 12.

^e Roem 4: 19. ^f p. 18: 12.

8 Ari eta moerangkalih ngagéngan, seug toeloej dibenteungan nginang; sarta Ibrahim hadjat rosa pisan keur poéan

9 Ishak dibenteungan nginang. 'Demi koe Sarah katingali anak Hadjar, oerang Mésir, anoe beunang eta ngadjoeoroekeun adjang Ibrahim teja, ^a njeung-

10 seurikeun. 'Pok Sarah mihatöer ka Ibrahim: 'Noen, ^b eta eusi-imah teh djong-klokkeun katoet anakna; karana anak eusi-imah mah hamo pimeunangeun warisan, teu tara anak koering Ishak.

11 'Ari eta kasaoeran hal përkara poetrana teja, pangraos Ibrahim goreng tēmēn.

12 'Tapi Allah nimbalan ka Ibrahim: Ari hal boedak djeung hal eusi-imah maneh teja, maneh oelah aja pangrasa eta goreng; sakabehna anoe koe Sarah ditja-toerkeun ka maneh, koedoe toeroet sa-omonganana; karana ^c nja ti Ishak noe

13 bakal disëboet toeroenan maneh. 'Ari moenggoeh anak eusi-imah teja, ^d eta ge koe kami rek didjadikeun bangsa, sabab eta ge toeroenan maneh. ^a Gal. 4: 29.

^b Gal. 4: 30. ^c p. 17: 21; Roem 9: 7, 8; Gal. 4: 28.

^d p. 17: 20.

14 Toeloej Ibrahim tanghi isoek-isoek, geus kitoe njandak roti djeung hidji karoeng koelit dieusi tjai, sok dipaparin-

keun ka Hadjar, diteundeun dina taktak-na, sarta dipaparin boedak teja, bari seug dipiwarang leumpang. Bral Hadjar leumpang; geus kitoe kasasab di tégäl lëga

15 Bersëba. 'Ari tjai eusi karoeng teja datang ka bejak; sok boedak teh koe Hadjar dipitjeun ka handapeun hidji tangkal leutik. 'Toeloej leumpang, gek dijoek ti pabënëranana, djaoehna sapamanah; karana omongna: Aing oelah nendjo paehna boedak! Barang geus dijoek ti pabënëranana, seug Hadjar tjeurik sëgrak-sëgroek. 'Ari koe Allah dimakboel sambatna eta boedak. Pok Malaikat Pangeran ngalahir ka Hadjar ti langit, sarta bédas, kijeu lahirna ka dinja: Eh Hadjar! aja naon? Poma oelah sijeun-sijeun; karana koe Allah geus dimakboel sambatna eta boedak, ti ënggonna aja.

18 'Geura indit, boedak teh hoedangkeun, tjékëlan koe leungeun maneh; karana ^a eta koe kami rek didjadikeun bangsa

19 gëde. 'Sarta Allah ngabeuntakeun panon Hadjar, beh nendjo hidji soemoer tjai; bral leumpang, gantjang karoeng-koe-litna dieusian tjai, bari seug boedak

20 diinoeman. 'Geus kitoe Allah njarëngan ka eta boedak, sarta ngagédëan; ari ngënggonna di tégäl lëga, sarta djadi

21 toekang panah. 'Nja ngënggonna teh di tégäl lëga Paran, sarta koe indoengna dipangnjokotkeun pipamadjikaneun ti tanah Mésir. ^a p. 17: 20.

22 Geus kitoe, dina mangsa eta toeloej Abimelek djeung Pikol, kapala baladna, misaoer ka Ibrahim, kijeu saoeuna: Allah njarëngan ka andjeun dina saniskara noe koe andjeun dilampahkeun.

23 'Ari ajeuna kaoela nëda soempah andjeun di dijeu njëbat Allah, andjeun moal tjidra ka kaoela atawa ka anak-intjoe kaoela; satëgësna andjeun bakal ngalampahkeun kahemanan ka kaoela sarëng kana jjeu tanah, anoe koe andjeun disemahan, noeroetkeun kahemanan anoe koe kaoela dilampahkeun ka

24 andjeun teja. 'Ari walonan Ibrahim:

25 Mangga, kaoela dek soempah. 'Tatapi Ibrahim mepelingan ka Abimelek tina hal përkara hidji soemoer tjai, anoe koe abdi-abdi Abimelek diparëboetkeun.

26 'Dëmi saoe Abimelek: Kaoela teu tërang aja noe ngalampahkeun përkara kitoe, malah andjeun teu maparin njaho

ka kaoela, sarawoeh kaoela hanteu pisan meunang warta, kadjaba ajeuna.

27 'Tidinja Ibrahim njandak domba reudjeung sapi, dihatoerkeun ka Abimelek; toeloej doewanana pada ngadamël përdjangdjian. 'Ari Ibrahim njingsalkeun anak domba toedjoeih sële, misah ënggonna. 'Pok Abimelek misaoer ka Ibrahim: Keur naon ijeu anak domba toedjoeih sële di dijeu, anoe koe andjeun disingsalkeun, misah ënggonna? 'Walonanana: Kahajang kaoela eta anak domba noe toedjoeih sële koe andjeun ditjandak ti leungeun kaoela, noe dipalar soepaja eta djadi saksi ka kaoela, jen kaoela anoe njijeun soemoer teja.

31 'Kitoë noe matak eta ënggon pada njëboet Berseba, sapedah arandjeunna doewanana pada soempah di dinja. 'Prak arandjeunna ngadamël përdjangdjian di Berseba. Toeloej Abimelek dangdan, djeung Pikol, kapala baladna, seug maroeli ka tanah Pëlisti. 'Tidinja Ibrahim mëlak kai di Berseba, sarta " njëboet di dinja padjënëngan Pangeran, Allah

35 noe sipat langgëng. 'Ari njemahna Ibrahim di tanah Pëlisti teh lila katjida.

a p. 4: 26; 12: 8.

PASAL 22.

Sanggeusing përkara noe tadi teja, Allah " njoba ka Ibrahim. Ari Allah nimbalan ka andjeunna kijeu: Ibrahim! Wangsoelanana: Noen, ijeu simkoering.

2 'Timbalanana: Geura njokot anak maneh, anoe noenggal, kanjaah maneh, nja eta Ishak, bral maneh leumpang ka tanah " Moria, toeloej koerbankeun di dinja, djadi koerban doeroekan, dina hidji goenoeng anoe koe kami rek ditimbalkeun ka maneh.

a 2 Moesa 16: 4; 20: 20.

b 2 Bab. 3: 1.

3 Tidinja Ibrahim tanghi isoe-isoe, seug ngadangdanan hidji kalde, djewig njandak doewa boedjang, sarawoeh Ishak poetrana, sarta meulahan kai pikeun koerban doeroekan; toeloej djëngkar, ngadjoejdjoeg ka ënggon, anoe koe Allah ditimbalkeun ka andjeunna teja.

4 'Dina poë noe katiloe, barang Ibrahim tjëngkat sotjana, ningali eta ënggon ti kadjaoehan. 'Pok Ibrahim miwarang ka boedjangna: Maraneh toenggoe bae di dijau reudjeung kalde; ari kami reu-

djeung boedak dek toeloej ka ditoe, sëdja sëmbahijang; ëngke datang deui ka maraneh. 'Tidinja Ibrahim njandak soeloe pikeun koerban doeroekan teja, " dipanggoelkeun ka Ishak poetrana, sarta njandak seuneu djeung peso, didjing-djing koe andjeunna, ladjëng arangkat padoedoewaän. 'Pok Ishak mioendjoek ka Ibrahim ramana, kijeu pioendjoekna: Noen Ama! Ngawalon Ibrahim: Naon, ënoeng? Pioendjoekna deui: Noen, ijeu aja seuneu sarëng soeloe, nanging di manadombanapikoerbaneun doeroekan?

8 'Walonan Ibrahim: Eh ënoeng! përkara domba pikoerbaneun doeroekan tamah, Allah koe andjeun noe pingoeroeseun. Ladjëng bae arangkat padoedoewaän.

a Joh. 19: 17.

9 Barang geus darongkap ka ënggon, anoe koe Allah ditimbalkeun ka andjeunna teja, toeloej Ibrahim ngadamël hidji altar di dinja, seug natakeun soeloe; geus kitoë ngaringkoes Ishak poetrana, bari diteundeun dina altar, ditoempangkeun dina soeloe. 'Tidinja Ibrahim njodorkéun panangan, top njandak pesona, " arek pek meuntjit poetrana. 'Kasëdëk Malaikat Pangeran ngalahir ka andjeunna ti langit, sarta bëdas, kijeu lahirna: Ibrahim! Ibrahim! Ari wangsoelanana: Noen, ijeu simkoering. 'Lahiranana deui: Oelah waka ngeunakeun leungeun maneh ka eta boedak, sarta oelah dikijeu-kijeu; karana ajeuna kami geus tërang, maneh teh saënjana sijeun koe Allah, dalah anak maneh anoe noenggal koe kami dipoendoet, koe maneh hanteu diowëlkeun.

13 'Tidinja Ibrahim tjëngkat sotjana, ret ningali, beh aja hidji domba lalaki di poengkoer, tandoekna kapoekët koe areuj-areujan. Gantjang Ibrahim angkat, pek domba lalaki teh ditjandak, toeloej dikoerbankeun, didamël koerban doeroekan, ngaganti poetrana. 'Ari eta ënggon koe Ibrahim seug dingaranan: Pangeran noe pingoeroeseun; anoe matak ajeuna sok aja noe njëboet kijeu: Di goenoeng Pangeran tangtoena dioeroeskeun.

a Ibr. 11: 17-19; Jak. 2: 21.

15 Ngalahir deui Malaikat Pangeran ka Ibrahim ti langit, kadoewa-kalina, sarta bëdas, 'kijeu lahirna: Kami soempah " njëboet diri kami, pangandika Pange-

ran, sapedah maneh geus ngalampahi-
keun anoe kitoe pētana, sarta hanteu
ngowölkeun anak maneh anoe noeng-
gal, 'noe matak kami teh kaliwat-sa-
king nja rek ngabërkahan ka maneh,
sarta kaliwat-saking nja rek ngadjëng-
karkeun toeroenan maneh, tjara ben-
tang di langit djeung saperti keusik di
basisir laeet; ^b sarta toeroenan maneh
bakal kawaris lawang moesoh-moe-
soehna. 'Djeung deui ^c di djero toeroe-
nan maneh teh sakabehna bangsa di
boemi bakal pada kabërkahan, tina sa-
bab ^d maneh noeroet ka timbalan kami.
¹⁰ 'Tidinja Ibrahim malikan boedjangna,
seug darangdan, bral moelih ka Ber-
seba, diiring koe poetrana sarta koe
boedjangna; toeloëj Ibrahim tjalik di
Berseba. ^a Loek. 1: 73; Ibr. 6: 13. ^b p. 24: 60.
^c Gal. 3: 16. ^d p. 26: 5.

²⁰ Sanggeusing përkara noe tadi teja,
aja noe ngoeninga ka Ibrahim, kijeu
pioendjoekna: Noen, ^a Milka ge ngowo-
keun poetra pamégët bade Nahor, raji
gamparan. 'Nja eta Oes tjikalna, sarëng
Boes rajina, kitoe deui Këmoeël, anoe
rama Aram, 'sarawoeh Kesed, Haso,
²³ Pildas, Jidlap sarëng Bëtöeël. 'Ari ^b Bë-
töeël poetraän Rabeka. Eta noe dala-
pan beunang ngowokeun Milka keur
²⁴ Nahor, raji Ibrahim. 'Malah parëkan
Nahor, ngaran Roema, eta ge ngadjoe-
roe, nja eta Tebah, Gaham, Tahas djeung
Maäka. ^a p. 11: 29. ^b p. 24: 13.

PASAL 23.

Ari oemoer Sarah dongkap ka saratoes
taoen, poendjoel doewa poeloeh toe-
djoeh taoen; nja kitoe taoen hiroep Sa-
rah. 'Toeloëj Sarah poepoes di ^a Kirjat-
Arba, nja eta Hebron, di tanah Kanaän.
Gantjang Ibrahim soemping, aloek-aloe-
kan katilar Sarah, bari ditangisan. 'Geus
kitoe Ibrahim angkat tina noengkoelan
papatenna, toeloëj misaoer ka oerang
⁴ Het, kijeu saोजना: 'Ari kaoela teh ^b
semah, nja djalma madjik di sarampe-
jan; moegi maparin ka kaoela geusan
pakoëboeran milik di sarampejan, pi-
keun kaoela ngoëboer papaten kaoela,
⁵ anoe di himah kaoela. 'Ngawangsoel
oerang Het ka Ibrahim, kijeu wangsoe-
⁶ lanana ka andjeunna: 'Eh Djoeragan!
reungeukeun kaoela: andjeun teh ^c gë-

gëdening Allah di têngah kaoela; mang-
ga, papaten andjeun koerëbkeun dina
pakoëboeran kaoela anoe pangsaena;
lëbah kaoela sadaja moal aja noe dek
mënggël pakoëboeranana, ngahoelag and-
jeun ngoerëbkeun papaten andjeun.
⁷ 'Neut Ibrahim ngadëg, brëk soedjoed
ka priboemi tanah eta, nja ka oerang
⁸ Het teja, 'bari seug misaoer ka darinja,
kijeu saोजना: Manawi sarampejan aja
manah, kaoela ngoëboer papaten kaoela,
anoë di himah kaoela, tjing reungeu-
keun kaoela: moegi pangnëdakeun ka-
⁹ oela ka Epron poetra Sohar, 'soepaja
maparin ka kaoela goeha Makpela, ka-
goengan andjeunna, noe di toengtoeng
këbonna; moegi dipaparinkeun ka ka-
oela sing sapangaosna, geusan pakoë-
boeran milik di têngah sarampejan. 'Ka-
¹⁰ bënëran Epron teja keur tjalik di tē-
ngah oerang Het. Pok Epron, oerang Het,
ngawalon ka Ibrahim, kasaksian koe
sadjana oerang Het, koe sakoer bae
¹¹ anoe asoep lawang nagarana, kijeu wa-
lonanana: 'Montong teuing, djoeragan!
tjing, reungeukeun kaoela: eta këbon
koe kaoela disanggakeun ka andjeun,
kitoe deui goehana, anoe di djero këbon,
koe kaoela disanggakeun ka andjeun;
disanggakeunana ka andjeun teh di
hareupeun ijeu sadajana djalma bangsa
kaoela; mangga, koerëbkeun papaten
¹² andjeun. 'Brëk Ibrahim soedjoed deui
¹³ ka hareupeun priboemi tanah eta, 'bari
seug misaoer ka Epron, kasaksian koe
priboemi tanah eta, kijeu saोजना: Ma-
nawi aja kërsa, panëda kaoela moegi
reungeukeun kaoela: ^a pasëdjaän kaoela
njanggakeun pangaos këbon; moegi di-
tjandak ti kaoela, seug kaoela dek ngoe-
¹⁴ boer papaten kaoela ka dinja. 'Ngawa-
lon Epron ka Ibrahim, kijeu walonanana
¹⁵ ka andjeunna: 'Eh djoeragan! reungeu-
keun kaoela: ari lahan pangaos opat
ratoes sekel perak, nahaon eta mah di
antara kaoela sarëng andjeun? Mangga,
¹⁶ papaten andjeun koerëbkeun bae. 'Ari
Ibrahim ngagoëgoe ka Epron; toeloëj
Ibrahim / nimbang oewang, anoe disa-
oerkeun tadi, kasaksian koe sadajana
oerang Het, dihatoerkeun ka Epron,
opat ratoes sekel perak, lakoe ka toe-
¹⁷ kang dagang. 'Geus poëgoeh ^a këbon
Epron, anoe di Makpela, anoe hareu-

peun Mamre, nja kěbonna katoet goe-
hana noe di djero kěbon, kitoe deui
sakabeh kakaian anoe dina kěbon, anoe
18 dina sawěwěngkěranana sakoeriling, 'dja-
di kagoengan Ibrahim, kasaksian koe sa-
dajana oerang Het, koe sakoer bae anoe
19 asoep lawang nagarana. 'Sanggeus kitoe
Ibrahim ngoerěbkeun Sarah geureuhana
ka goeha kěbon Makpela, anoe hareu-
peun Mamre, nja eta Hebron, di tanah
20 Kanaān teja. 'Geus poegoeh eta kěbon,
katoet goehana anoe di djero kěbon,
kagoengan Ibrahim, djadi pakoebroer
milik, ti oerang Het. a p. 35: 27; Jos. 14: 16.
b Lal. 7: 5. c p. 21: 22. d p. 34: 20, 24. e p. 14: 23.
f p. 43: 21. g p. 23: 9, 10; 49: 30; 50: 13.

PASAL 24.

Ari Ibrahim geus sěpoe, geus lila pi-
san joeswana, sarta Pangeran geus
ngaběrkahan ka Ibrahim dina saniska-
2 rana. 'Tidinja Ibrahim marentah ka ab-
dina, kokolot boemina, anoe njangking
ka sakabeh kagoenganana, nja kijeu: "a
Leungeun maneh geura toempangkeun
3 dina handapeun tetepokan kami; 'ma-
neh koe kami rek disoempahan njěboet
Pangeran, Allah noe kagoengan sawar-
ga, Allah noe kagoengan boemi; koedoe
nejangan pidjodoėun anak kami, tapi b
oelah ngalamar anak oerang Kanaān,
anoė koe kami ditjitjingan di těngahna.
4 'Enjana maneh koedoe leumpang ka ta-
nah kami, ka nagara asal kami, nga-
lamar pidjodoėun anak kami Ishak.
5 'Ngawangsoel abdina ka andjeunna:
Palangsijang eta istri teu kěrsaeun toe-
moet ka tanah ijeu; koemaha ari kitoe,
poetra gamparan koe koering kědah di-
poelangkeun ka tanah asal gamparan
6 ka loewar? 'Ari lahiran Ibrahim ka
kokolot teh: Masing hade-hade, anak
kami koe maneh poma oelah dipoe-
7 langkeun ka dinja. 'Pangeran, Allah sa-
warga, anoe njandak diri kami ti boemi
rama kami djeung ti tanah asal kami,
sarta c noe ngandika ka kami, samalah
soempah ka kami, kijeu pangandikana:
Kami rek maparin ijeu tanah ka toe-
roenan maneh: nja eta tangtoe miwa-
rang malaikatna ti heulaeun maneh,
soepaja maneh ngalamar pidjodoėun
8 anak kami ti dinja teh toeloes. 'Děmi
saėopama eta istri teu daekeun noetoer-

keun mah ka maneh, maneh teh pibě-
rěsiheun tina ijeu pangujoempahan ka-
mi; ngan anak kami koe maneh poma
9 oelah dipoelangkeun ka dinja. 'Toeloėj
eta abdi noempangkeun leungeunna d
na handapeun tetepokan Ibrahim djoe-
raganana, prak soempah ka andjeunna
hal pěrkara eta. a p. 47: 20. b 1 Kor. 7: 39.
c p. 12: 7; 22: 16.

10 'Tidinja eta abdi njokot sapoeloeh onta
ti onta djoeraganana, bral indit, mawa
saroepaning barang noe aloes-aloes, ka-
goengan djoeraganana; djoeng leum-
pang ka tanah Mesopotami, a ka nagara
11 Nahor teja. 'Geus datang, toeloėj nga-
děroemkeun onta ti loewareun nagara,
denkeut hidji soemoer tjai, mēnėran
wantji boerit, ninggang waktōe awewe
12 boedal ngala tjai. 'Seug oendjoekan ki-
jeu: Noen Pangeran, Allah djoeragan
simkoering Ibrahim! b moegi-moegi di-
těpangkeun ka hareupeun simkoering
dintėn ijeu, sarėng moegi midamėl kaā-
sihan ka djoeragan simkoering Ibrahim.
13 'Tah, simkoering nangtoeng di sisi ijeu
soemoer tjai, sarėng landjang-landjang,
anak oerang nagara ijeu, keur boedal,
14 sėdja ngarala tjai. 'Moegi-moegi dipa-
rėngkeun, saha-saha landjang, anoe koe
simkoering bade ditjatoeran kijeu: Kėn-
di njai moegi sodorkeun, kaoela hajang
nginoem, seug njaoer: Mangga nga-
leueut, malah koering rek nginoeman
ka onta bapa ongkoh: moegi nja eta
noe koe andjeun dikěrsakeun pigarwa-
eun abdi andjeun Ishak; moegi sim-
koering těrang tina lantaran kitoe, jen
andjeun midamėl kaāsihan ka djoeragan
simkoering. a p. 11: 31; 27: 43. b p. 27: 30.
15 Geus kitoe, tatjan anggeus abdi teh
oendjoekan, doemadakan ka loewar a
Rabeka poetra Bětoeėl, anoe poetra
Milka, geureuha Nahor, raji Ibrahim
16 teja, sarta moenggoe kėndina. 'Ari eta
landjang moetoeh koe geulis roepana,
parawan, tatjan lakian; djoet toeroen
ka soemoer, ngeusian kėndina, tjat
17 oenggah. 'Seug abdi teh moeroe, nė-
pangan eta landjang, bari mihatoer:
Moen aja paidin, nėda ngoejoep tjai
18 saeutik tina kėndi njai. 'Wangsoelanana:
Mangga, djoeragan! geura ngaleueut.
Gantjang noeroenkeun kėndina ka pa-
19 nanganana, bari seug diinoeman. 'Ba-

rang geus reres diinoeman, pok njaoer: Koering dek nimba deui pikeun onta bapa, dongkap ka reres ngarinoemna.
 20 'Gantjangna kěndi ditjitjikeun kana paragina nginoem, seg loempat deui kana soemoer, nimba, nja nimbaan pikeun
 21 sakabéh ontana. 'Děmi djalma teja bėngongeun ka landjang teh, bari repeh, hajang njaho Pangeran ngaloeloeskeun djalanna atawa hanġeu. *a p. 22: 23.*

22 Geus kitoe, barangna onta-onta geus reres ngarinoem, toeloelj eta djalma njokot hidji anting ġmas, beuratna satėngah sekel, djeung sapasang geulang, pikeun pananganana, beuratna sapoeloeh sekel ġmas, 'bari mihatoer: Njai teh poetra saha? moegi maparin njaho ka kaoela. Koemaha di boemi toewang rama aja ġnggon pikeun kaoela sarėng batoer-batoer ngarėrėb? 'Ari wangsoelana ka dinja: "Koering teh anak Bėtoeġ, anoe poetra Milka, anoe beunang
 23 Milka ngowokeun pikeun Nahor. 'Saoerna deui ka dinja: Boh djarami, boh parab, loba nakėr di imah, samalah ġnggon pikeun ngarėrėb ge aja pisan.
 24 'Broek eta djalma soedjoed ka Pangeran, 'sarta oendjoekan kijeu: Sagala poedji ka Pangeran, Allah djoeragan simkoering Ibrahim, anoe hanteu nilarkeun kaasihana sarėng kajaktosana ti djoeragan simkoering; ari simkoering teja koe Pangeran geus ditoejoen dina djalan ka boemi saderek djoeragan. 'Bral landjang teh loempat ka boemi iboena, ngoeningakeun sagala pėrkara noe tadi. *a p. 22: 23.*

29 Ari Rabeka kagoengan saderek lalaki, djenėnganana Laban. Bral Laban ka loewar, moeroe ka eta djalma, kana
 30 soemoer. 'Barang geus ningali anting, kitoe deui geulang dina panangan saderekna teja, sarta barang geus ngareungeu tjarijos Rabeka saderekna, saorna: Kijeu-kijeu kasaoeran eta djalma ka koering: seug Laban nejang eta djalma; geuning keur nangtoeng di pėlėbah
 31 onta-onta, di sisi soemoer. 'Pok njaoer: "Eh noe dibėrkahan koe Pangeran! mangga geura tjalik; koe naon ngadėg di loewar? Kaoela geus nėtėbahan imah,
 32 kitoe deui ġnggon baris onta. 'Tidinja eta djalma asoep ka boemi. Heug ontana ditjoetjoelan, sarta merean *b* dja-

rami djeung parab ka onta-onta, kitoe deui tjai, pikeun ngoembah soekoe eta djalma djeung soekoe batoer-batoerna anoe ngiring. 'Teu lila eta djalma disoegoehan dahareun. Dėmi pioendjoekna: Koering moal nėda, ari tatjan ngoendjoekkeun pihatoereun koering. Ari sa-oer Laban: Soemangga, saoeurkeun!

a p. 26: 29. b p. 43: 24.

34 Toeloelj mihatoer kijeu: Koering teh
 35 abdi Ibrahim. 'Ari djoeragan koering *a* geus langkoeng-langkoeng nja dibėrkahan koe Pangeran, moengga djadi agoeng pisan; dipaparin domba sarėng sapi, perak sarėng ġmas, kitoe deui boedak lalaki-awewe, sarawoeh onta sarėng kalde. 'Samalah Sarah, geureuha djoeragan, sanggeusna sėpoeġ, ladjėng ngowokeun hidji poetra pamėgėt bade ka djoeragan, sarėng djoeragan masihkeun ka poetra saniskantėn kagoenganana.
 37 'Geus kitoe djoeragan njoempahan ka koering, kijeu timbalanana: Maneh koedoe nejang pidjodoėun anak kami, tapi oelah ngalamar anak oerang Kanaan, anoe koe kami ditjitjingan di tėngalna. 'Enjana maneh koedoe leumpang ka bangsa rama kami, ka kaom diri kami, ngalamar pidjodoėun anak kami. 'Pok koering oendjoekan ka djoeragan: Palangsijang eta istri teu kėrsaeun toemoet ka simkoering. 'Dėmi timbalanana ka koering: Pangeran anoe [koe] kami [dibakti,] *b* loemampah di pajoeneunnana teja, tangtoe miwarang malaikatna njarėngan ka maneh, sarta diloeloeskeun djalan maneh, soepaja maneh toeloes ngalamar pidjodoėun anak kami ti kaom kami, ti bangsa rama
 41 kami. 'Kakara maneh bėrėsiġ ti soempah kami, lamoen maneh datang ka kaom kami, tapi koe eta hanteu dipaparinkeun ka maneh; nja didinja maneh pibėrėsiheun ti soempah kami. 'Geus kitoe poė ijeu koering dongkap ka soemoer; pok koering oendjoekan: Noen Pangeran, Allah djoeragan simkoering Ibrahim! moegi-moegi kėrsa ngaloeloeskeun djalan simkoering, anoe koe simkoering keur dilakonan. 'Tah, simkoering nangtoeng di sisi ijeu soemoer tjai; moegi-moegi diparėngkeun, saha-saha landjang, anoe bade ka loewar ngala tjai, ladjėng koe simkoering ditjatėeran

kijeu: Tjik, kaoela nêda nginoem tjai
 44 saeutik tina këndi njai; 'seug njaoer ka
 simkoering: Mangga ngaleueut, malah
 koering rek nimbaan pikeun ontâ bapa
 ongkoh: moegi nja eta istri, anoe koe
 Pangeran dikêrsakeun bade ka poetra
 45 djoeragan simkoering. 'Tatjan parantos
 koering oendjoekeun sadjêro hate, doe-
 madakan, Rabeka ka loewar, sarêng
 moenggoe këndina; djoet loengsoer ka
 soemoer, bari ladjêng nimba. Pok koe-
 ring mihatoer ka Rabeka: Tjik, kaoela
 46 nêda nginoem! 'Enggal Rabeka nga-
 loengsoerkeun këndina tina taktak, bari
 njaoer kijeu: Mangga ngaleuent, malah
 koering rek nginoeman ka ontâ bapa
 ongkoh. Rot koering teh nginoem, ma-
 lah ontâ ge koe andjeunna diinoeman.
 47 'Pok koering naros ka Rabeka, kijeu
 omong koering: Njai teh poetra saha?
 Saoerna: Anak Bêtoeël, anoe poetra Na-
 hor, anoe beunang Milka ngowokeun
 pikeun Nahor. Seg koering nêrapkeun
 anting ka pangamboengna, sarêng geu-
 48 lang ka pananganana. 'Ladjêng koering
 broek soedjoed ka Pangeran, sarêng
 moedji soekoer ka Pangeran, Allah djoe-
 ragan koering Ibrahim, anoe geus noe-
 joen diri koering dina djalan anoe sa-
 jaktos, soepaja ngalamar poetra sade-
 rek djoeragan koering, bade pigarwaeun
 49 poetrana. 'Ari ajeuna, madak-madak
 arandjeun kêrsa midamêl kaâsihan sa-
 rêng kajaktosan ka djoeragan koering,
 moegi maparin njaho ka koering; sa-
 wangsoelna madak hanteu kêrsa mah,
 moegi maparin njaho ka koering, seug
 koering sêdja malik, arek ka katoehoe
 atanapi ka kentja. *a p. 13: 2. b p. 17: 1; 48: 15.*
 50 Ngawalon Laban djeung Bêtoeël, kijeu
 walonanana: Ijeu pêrkara ka-loewarna
 ti Pangeran; kaoela mah teu kadoega
 ka sampejan ngomong goreng atawa
 51 hade. 'Tah, Rabeka aja di hareupeun
 sampejan; tjandak bae, toeloer mang-
 kat, sina djadi garwa poetra djoeragan
 sampejan, sakoemaha pangandika Pa-
 52 ngeran teja. 'Demi geus kitoe, barang
 abdi Ibrahim ngadenge eta kasaoera-
 nana, brêk njoeoh kana tanenah, soe-
 djoed ka Pangeran. 'Toeloer abdi teh
 53 ngaloewarkeun barang sipat êmas-pe-
 rak reudjeung panganggo, dihatoerkeun
 ka Rabeka; kitoe deui ka saderekna

sarta ka iboena njanggakeun barang
 54 noe moelja-moelja. 'Tidinja pada dahar-
 nginoem, eta abdi reudjeung batoer-
 batoerna anoe ngiring teja; toeloer ma-
 reuting. Ari isoek-isoek haroedang, seug
 abdi teh mihatoer: Koering moegi di-
 djoeroeng wangsoel ka djoeragan koe-
 55 ring. 'Demi saor saderekna djeung iboe-
 na: Atoeh landjang teh sina tjitjing
 heula di kaoela sing rada lila, antara
 sapoeleuh pèuting; mangko bae sam-
 56 pejan moelang. 'Pihatoerna ka darinja:
 Moegi oelah ngamangkekeun ka koe-
 ring, da Pangeran geus ngaloeloskeun
 djalan koering; moegi koering didjoe-
 roeng lakoe, soepaja geura wangsoel
 57 ka djoeragan koering. 'Ari salaoerna:
 Geura oerang njêloekan si landjang, oe-
 rang tanja karêpna. 'Seug Rabeka di-
 saor, bari toeloer dipariksa kijeu: Koe-
 maha njai daek leumpang, miloe djeung
 ijeu djalma? Wangsoelanana: Soemo-
 59 hoen, daek pisan leumpang. 'Tidinja Ra-
 beka saderekna, djeung ^a pangasoehna,
 kitoe deui eta abdi Ibrahim djeung ba-
 toer-batoerna pada didjoeroeng lakoe;
 60 'sarta pada ngabêrkahan ka Rabeka,
 kijeu salaoerna ka andjeunna: Eh doe-
 loer! moegi njai didjadikeun bareboe-
 reboe laksa, ^b sarta toeroenan njai sing
 kawaris lawang moesoeh-moesoehna.
 61 'Toeloer Rabeka dangdan, kitoe deui
 landjang-landjangna, tjat taroenggang
 kalde, bral mangkat, ngiring eta djal-
 ma; ari koe abdi teja Rabeka ditampa,
 bari toeloer moelang. *a p. 35: 8. b p. 22: 17*
 62 Ari Ishak anjar soemping ti lèbah ^a
 soemoer Lahai-roi, sarta tjalikna di ta-
 63 nah kidoel teja. 'Geus kitoe Ishak ka
 loewar, sêdja tapakoer di tégâl, wantji
 rek boerit. Toeloer tjéngkat sotjana, ret
 64 ningali, beh daratang ontâ. 'Rabeka ki-
 toe keneh tjéngkat sotjana, ningali Is-
 65 hak; ^b djoet loengsoer tina ontâ. 'Toe-
 loer njaoer ka abdi teja: Saha eta djal-
 ma noe angkat di tégâl, mapag ka
 oerang? Wangsoelan abdi teh: Nja eta
 djoeragan koering teja. Top Rabeka
 njandak tjoengna, bari seug ditjin-
 66 doeng. 'Toeloer abdi teh njarijoskeun
 ka Ishak sakabehna pêrkara noe dilam-
 67 pahkeun koe manehna teja. 'Tidinja Ra-
 beka koe Ishak dilêbêtkéun ka himah
 Sarah iboena; geus kitoe Rabeka diti-

kah, djadi geureuha Ishak, sarta dipikaasih. Kakara Ishak kalipoeran sanggeus katilar koe iboen. *a p. 16:14.*

b Jos. 15:18.

PASAL 25.

Tidinja Ibrahim kagoengan deui geureuha, djénenganana Kêtoera. 'Nja eta " ngowokeur pikeun andjeunna Simran, Joksan, Médaw, Midian, Jisbak djeung Socah. 'Ari Joksan teja poepoetra Séba djeung Dédan; sarta poetra Dédan teja nja eta oerang Asoer, oerang Lëtoes djeung oerang Lëoem. 'Ari poetra Midian teja Epa, Eper, Hanok, Abida djeung Eldaā. Nja eta sakabel poetra Kêtoera. 'Ari koe Ibrahim^b saniskara kagoenganana dipaparinkeun ka Ishak; 'dëmi poetra-poeatra parëkan Ibrahim mah koe Ibrahim dileler pasihan bac, sarta dipiwarang leumpang ngetan, nja ka tanah wetan, didjaoehkeun ti Ishak poetrana, meungpeung andjeunna hiroep keneh. *a 1 Bab. 1:32. b p. 15:4; 24:36.*

Sarta kijeu rejana taoen djoemënéng Ibrahim, lilana andjeunna hiroep, saratoes taoen, poendjoel toedjoeuh poeloeuh lima taoen. 'Geus kitoe Ibrahim dongkap ka poepoet njawa, toeloej poepoes, " keur bodas pisan nja ramboet, sêpoeuh, toer warég nja oemoer;^b dirijoengkeun ka bangsana. 'Tidinja andjeunna koe poetrana, nja eta koe Ishak djeung Ismail, dikoerëbkeun ka gocha Makpela, di këbon Epron poetra Sohar, oerang Het, anoe di hareupeun Mamre; 'nja eta këbon, " anoe kenging Ibrahim ngagaleuh ti oerang Het teja; di dinja dikoerëbkeun Ibrahim djeung Sarah geureuhana. 'Geus kitoe, sanggeus poepoes Ibrahim, Allah ngabërkahan ka Ishak poetrana; ari tjalikna Ishak di lëbah^d soemoer Lahai-roi teja. *a p. 15:15; 35:29. b 2 Radja 22:20. c p. 23; 49:31. d 24:62.*

Ijeu teh toetoeran Ismail, poetra Ibrahim, anoe koe Hadjar, oerang Mësir, eusi-imah Sarah, didjoeroekeun adjang Ibrahim teja. 'Nja ijeu ngaran poetra Ismail anoe lalaki, sangaran-sangaramna, noeroetkeun toetoeranana: " tjalik Ismail, nja eta Nëbajot; aja deui Kedar, Adbel djeung Mibsam; 'Misma, Doema, djeung Masa; 'Hadad, Tema, Jëtoer, Napis djeung Kedma. 'Nja eta sakabel poetra

Ismail, sarta kitoe ngaran-ngaranna, masing-masing desa-desana djeung karnpoeng-kampoengna,^b doewa wëlas gëgëden, njangking sabangsa-bangsana. 'Sarta kijeu taoen hiroep Ismail, saratoes taoen, poendjoel tiloe poeloeuh toedjoeuh taoen. Tidinja Ismail^c dongkap ka poepoet njawa, toeloej maot, dirijoengkeun ka bangsana. 'Ari ënggonna tjaritjing ti sëmët^d Hawila tēpi ka Soer, anoe di hareupeun Mësir, tēroes tēpi ka tanah Asoer; " ngënggonna ti hareupeun sakabeh saderek-saderekna. *a 1 Bab. 1:29. b p. 17:20. c p. 25:8. d p. 10:7. e p. 16:19.*

Ijeu teh toetoeran Ishak poetra Ibrahim. Ibrahim poepoetra Ishak. 'Geus kitoe Ishak oemoerna opat poeloeuh taoen, keur mangsa nikah ka Rabeka poetra Bëtöeēl, anoe oerang Sam, ti tanah Mesopotami, saderek Laban, oerang Sam teja. 'Ari Ishak sok nënëda ka Pangeran, mangnëdakeun geureuhana; " sabab eta teh gaboeg. Lila-lila koe Pangeran ditarima panëdana; toeloej Rabeka geureuhana bobot. 'Hidji waktöe poetrana papadoek-padoek di djëro kandoenganana. Pok Rabeka njaoer: Oepama kitoe mah, naha mana kijeu? Bral angkat, naros ka Pangeran. 'Ladjëng koe Pangeran diandikaan kijeu: Aja doewa bangsa di djëro beuteung maneh, doewa kaom mëngke papisah ti awak maneh; " ari kaom anoe hidji bakal kawasa ti kaom anoe hidji deui, sarta noe kolot bakal ngawoelaan ka noe ngora. 'Ana geus djëdjëg mangsana, dongkap ka ngowo, doemadakan këmbar di djëro kandoenganana. 'Anoe ka loewar ti heula beureum, " saloewar awakna sapërti haroedoem boeloe; seug didjënënganan Esaoe. 'Sanggeusna kitoe ka loewar rajina,^d sarta pananganana njëkël keuneung Esaoe; " seug didjënënganan Jakoeb. Mangsa diwokeunana oemoer Ishak geus dongkap ka gëñëp poeloeuh taoen. *a p. 16:2. b p. 27:29; Mal. 1:2; Roem 9:10-12. c p. 27:11. d Rom. 12:4. e p. 27:36; 32:28.*

Ari eta moerangkalih pada ngagëdean; geus kitoe Esaoe djadi djalma bisa moro, djalma tégal; dëmi Jakoeb djadi djalma satëmëña, tjalikna nganggo himah. 'Ari Ishak miasih ka Esaoe, sabab kasëdëpna beunang moro; dëmi Rabeka miasihna ka Jakoeb. 'Hidji mangsa Ja-

koeb aja kaolahan, beunang andjeunna ngolah. Kabënëran Esaoe soemping ti tégah, sarta tjape. 'Pok Esaoe misaoer ka Jakoeb: Tjik, akang bere njatœ eta noe beureum-beureum sawareh; karana akang tjape. Kitoe noe matak Esaoe^a sok aja noe njêboet Edom. 'Ngawalon Jakoeb: Moedoe ngadjoewal ajeuna ka koering^b hal katjikalana akang. 'Ari saœr Esaoe: Saënjana, akang^c eukeur leumpang kana maot; naon pigaweûnana katjikalana teh ka akang? 'Saoer Jakoeb: Moedoe soempah ajeuna ka koering. Pek Esaoe soempah ka Jakoeb; djadi Esaoe ngadjoewal hal katjikalana na ka Jakoeb. 'Toeloej Jakoeb ka Esaoe ngahatoerkeun roti reudjeung kaolahan katjang teja. Seug Esaoe dahar-leuent, neut ngadég, toeloej angkat. Djadi^d Esaoe njoemahkeun hal katjikalana.

a p. 36:1, 19. b 5 Moesa 21:17. c Jês. 22:13.

d Ibr. 12:16, 17.

PASAL 26.

Geus kitoe dina tanah eta patjéklik, Gsedjen deui ti patjéklik^a anœ bareto, anœ keur djaman Ibrahim teja. Tidinja Ishak angkat ka Gërär teja,^b ka Abimelek, radja Pëlisti. 'Ladjëng Pangeran nembongan ka andjeunna, sarta nimbajan kijeu: Maneh oelah mijang ka Mësir; koedoe tjitjing dina tanah, anœ koe kami rek ditimbalkeun ka maneh. 'Nja njemah dina tanah ijeu; sarta kami tangtoe njarëngan ka maneh, djeung ngabërkahan ka maneh; karana sakabeh tanah ijeu koe kami rek dipaparinkeun ka maneh djeung ka toeroenan maneh, sarta kami tangtoe nêtépkeun^c soempah, anœ koe kami disoempahkeun ka Ibrahim, bapa maneh teja. 'Djeung kami rek ngadjëngkarkeun toeroenan maneh, tjara bentang di langit; sarta sakabeh tanah ijeu koe kami rek dipaparinkeun ka toeroenan maneh. Malah di djëro toeroenan maneh teh sakabehnua bangsa di boemi bakal pada kabërkahan. 'Pangkitoe teh^d sabab Ibrahim noeroet kana jahiran kami, sarta ngadjaga kana dja-gaân kami, nja eta timbalan kami, pikoekeuh kami reudjeung papakon kami. 'Toeloej Ishak tjalik di Gërär.

a p. 12:10.

b p. 20:2; Djah. 34:1. c p. 22:16. d p. 22:18.

Ari djalma ënggon eta naranjakeun

geureuhana. Diwalon koe andjeunna: 'Eta teh doeloer kaoela; karana sijeuneun ngalahir, jen: Pamadjikan kaoela, [manahna] bisi aing koe djalma ënggon ijeu dipaehan koe hal Rabeka; sabab^a geulis pisan roepana. 'Dëmi mangsa andjeunna geus rada lila di dinja, hidji waktœ Abimelek, radja Pëlisti, nëmputina djandela; katingali, doemadakan, Ishak keur goegoejon djeung Rabeka geureuhana. 'Tidinja Abimelek ngaloeloengsoer tjalik ka Ishak, sarta misaoer kijeu: Saestoena, istri teja geus tangtoe geureuha andjeun. Naha andjeun mana ngalahir, jen: Eta teh doeloer kaoela? Ngawalon Ishak ka radja: Sabab pikir kaoela: ^b Bisi aing dipaehan koe hal pamadjikan. 'Saoer Abimelek: Naha andjeun midamël kitoe ka kaoela sakabeh? Gampang oge djalma saœrang ngëdëng djeung geureuha andjeun; ana kitoe mah andjeun ngadatangkeun kasalahan ka kaoela sakabeh. 'Toeloej Abimelek marentah ka sakabeh djalma-djalma, kijeu parentahna: Saha-saha noe njabak ka eta djalma atawa ka geureuhana, tangtoe dipaehan. *a p. 12:13; 20:2. b p. 20:11.* Tidinja Ishak dina tanah eta njëbar; beubeununganana dina sataoen harita^a saratoes takër, da andjeunna dibërkan koe Pangeran. 'Ari eta djalma djadi agoeng, beuki lila beuki agoeng, datang ka agoeng kaliwat-saking. 'Eta andjeunna kagoengan ingon-ingon domba, djeung ingon-ingon sapi, sarta reja pisan koering-koeringna, anœ matak oerang Pëlisti pada darëngki ka andjeunna. 'Ari sakabeh soemoer,^b anœ beunang ngarali badega-badega ramana, keur djaman Ibrahim ramana, seg koe oerang Pëlisti dioeroegan, disaeuran koe ta-neuh. 'Djeung deui Abimelek misaoer ka Ishak: Andjeun geura mangkat ti kaoela sakabeh; karana andjeun teh kawasa, ngabajahkeun katjida ka kaoela sakabeh.

a Leek. 8:8. b p. 21:25.

Bral Ishak angkat ti dinja, toeloej masang himah di lëgok Gërär, seug tjalik di dinja. 'Ari soemoer-soemoer tjai, anœ beunang ngarali keur djaman Ibrahim ramana, noe diareroegan koe oerang Pëlisti sanggeus poepoes Ibrahim teja, koe Ishak dikarali deui, sarta dingaranan deui sakoemaha di-

- 19 ngarananana koe ramana. 'Hidji mangsa badega Ishak keur ngarali di lëgok; seg di dinja manggih hidji soemoer tjai hiroep. 'Toeloej taroekang ngangon ti Gérar masejaan ka taroekang ngangon Ishak, pokna: Ijeu tjai anoe dewek. Anoe matak eta soemoer koe andjeunna dingaranan Esek; sabab eta pada tjerowed djeung andjeunna.
- 21 'Tidinja njarijeun hidji soemoer sedjen deui, heug djalma teja *pada masejaan deui koe hal eta, anoe matak koe andjeunna dingaranan Sitna. 'Geus kitoe ngalih ti dinja, sarta ngadamël hidji soemoer sedjen deui; ari koe hal eta mah hanteu paseja; anoe matak koe andjeunna dingaranan Rëhobot, bari njaoer kieu: Karana ajeuna Pangeran maparin kadjëmbaran ka oerang, tangtoe oerang baranahan dina tanah ijeu.
- 23 Geus kitoe andjeunna angkat ti dinja
- 24 ka Berseba. 'Ladjëng Pangeran nemongan ka andjeunna dina peuting eta, sarta nimbalan kieu: Ijeu kami Allah Ibrahim, bapa maneh; * eta maneh oelah sijeun-sijeun; karana kami noe njarëngan ka maneh, sarta tangtoe ngabërkahan ka maneh, djeung ngadjëngkarkeun toeroenan maneh, koe karana Ibrahim, abdi kami. 'Toeloej Ishak ngadamël hidji altar di dinja, ^b djeung njëboet padjënëngan Pangeran; sarta andjeunna masangkeun himahna di dinja, djeung badega Ishak njarijeun deui hidji soemoer di dinja. ^a p. 15: 1. ^b p. 12: 8.
- 26 Geus kitoe Abimelek tjalik ka andjeunna ti Gérar, njandak Ahoesat sobatna, djeung * Pikol, kapala baladna.
- 27 'Pok Ishak misaoer ka darinja: Koe naon andjeun noe matak saroemping ka kaoela? Mapan pada geuleuh ka kaoela, sarta kaoela koe andjeun dipiwarang oendoer ti diri andjeun. 'Ari salaoerna: Kaoela geus pada waspada pisan, jen Pangeran njarëngan ka andjeun, anoe matak kaoela aja pihatoer: Moegi aja soempah di antara oerang, di antara kaoela sadaja sarëng andjeun, sèdja ngadamël përdjangdjian sarëng andjeun.
- 29 'Noe dipalar, andjeun teh ka kaoela sadaja oelah midamël anoe awon, sapertos kaoela ge hanteu njabak ka andjeun, sarëng sapertos kaoela ge woengkoel milampah kasaeana ka andjeun, sarawoeh

- andjeun koe kaoela didjoeroeng angkat teh sarëng kasalamëtan. Nja andjeun ajeuna noe dibërkahan koe Pangeran.
- 30 'Toeloej Ishak hadjat ka tatamoe, seug dalahar-leuent. 'Ari isoek-isoek taranghi, prak silih-soempah; toeloej koe Ishak didjoeroeng moelih. Bral arangkat ti andjeunna djeung kasalamëtan. ^a p. 21: 22.
- 32 Geus kitoe, dina poë eta keneh, djëboel badega Ishak, pada ngoeningakeun ka andjeunna hal përkara soemoer, beunangna ngali teja; ari pioendjoekna ka andjeunna: Simkoering mëndak tjai.
- 33 'Toeloej eta koe andjeunna dingaranan Siba. Kitoe noe matak ngaran eta nagara * Berseba, datang ka poë ajeuna. ^a p. 21: 31.
- 34 Geus kitoe, oemoer Esaoe dongkap ka opat poeloech taoen; * toeloej geureuhaan ka Joedit poetra Beri, anoe oerang Het, djeung ka Basmat poetra Elon, anoe oerang Het keneh. 'Ari eta doewanana ka Ishak djeung ka Rabeka ^b matak djahent manah. ^a p. 4: 19; 24: 3; 36: 2, 3. ^b p. 27: 46.

PASAL 27.

- Ari keur mangsa Ishak geus sèpoe, sarta sotjana * geus dongkap ka laemoer, hanteu tégës ningalina, hidji waktue andjeunna njaoer Esaoe, poetrana noe kolot; lahiranana ka dinja: Enoeng! Ari wangsoelanana: Noen, ijeu simkoering. 'Lahiran Ishak: Geuning, ama geus kolot, sarta ama hanteu njaho di poë
- 3 ama pipaeheun. 'Ajeuna geura njokot parabol énoeng, ^b wadah djamparing djeung gondewana, los ka loewar ka tégel, pangmoroekun ama, sing aja beunangan. 'Seug ama pangnjieunkeun kahakanan noe ngeunah, sakoemaha kabauki ama, toeloej bawa ka ama, dek dahar; sangkan diri ama ngabërkahan ka énoeng samemeh ama paeh. ^a p. 43: 10. ^b p. 25: 27.
- 5 Ari Rabeka ngareungeukeun, mangsa Ishak ngalahir ka Esaoe poetrana. Tidinja Esaoe angkat ka tégel, sèdja moro; anoe beunang rek disanggakeun. 'Pok Rabeka misaoer ka Jakoeb poetrana, kieu saoeerna: Saénjana, iboe ngadenge rama énoeng bieu ngalahir ka Esaoe,
- 7 doeloer énoeng, kieu lahirna: 'Geura moro, beubeunanganana bawa ka ama,

sarta ama pangnjijeunkeun kahakanan
 noe ngeunah; ama dek dahar, toeloej
 dek ngabèrkahan ka énoeng di pajoe-
 8 neun Pangeran, samemeh ama paeh. 'Ari
 ajeuna, énoeng! sing noeroet ka papatah
 iboe, ka sakoer anoe koe iboe rek di-
 9 parentahkeun ka énoeng. 'Geura los ka
 ingon-ingon, iboe pangnjokotkeun ti di-
 nja doewa siki anak émbé, noe araloes;
 koe iboe rek didjijeun kahakanan anoe
 ngeunah, pikeun rama énoeng, sakoe-
 10 maha kasédépna. 'Toeloej koe énoeng
 eta koedoe disanggakeun ka rama
 énoeng, sina toewang, sangkana nga-
 bèrkahan ka énoeng samemeh rama poe-
 11 poes. 'Pioendjoek Jakoeb ka Rabeka iboe-
 na: Salérsna, Esaoe, doeloer simkoe-
 ring, djalma boeloean, doepe simkoering
 12 mah djalma limit. 'Bisi simkoering koe
 ama dirampaan; ana kitoe mah sim-
 koering koe pangraos ama sapertos noe
 ngabobodo, djadi simkoering teh ka diri
 13 ngadatangkeun bérkah. 'Dèmi saor
 iboena ka Jakoeb: Eta, énoeng! pérkara
 panjapa koe iboe ditanggoeng. Sing noe-
 roet bae ka papatah iboe; geura djig,
 14 pangnjokotkeun! 'Bral Jakoeb angkat,
 pek ditjandak, bari disanggakeun ka
 iboena. Toeloej iboena ngadamél kada-
 haran noe ngeunah, sakoemaha kasédép
 15 ramana. 'Geus kitoe Rabeka njandak
 papakean Esaoe, poetrana noe kolot,
 papakean noe leuwih aloes, anoe aja di
 andjeunna di djero boemi, pek dipa-
 kekeun ka Jakoeb, poetrana noe ngora;
 16 'sarta koelit anak émbé teja dipakekeun
 ka pananganana djeung ka noe limit
 17 dina ténggékna. 'Sok kadaharan noe
 ngeunah teja, sarta djeung roti beunang
 andjeunna ngadamél, koe andjeunna di-
 pasihkeun ka panangan Jakoeb poe-
 trana.
 18 Toeloej Jakoeb asoep ka ramana, sar-
 ta oendjoekan kieu: Noen, ama! Nga-
 walon Ishak: Ijeu ama di dijeu; saba
 19 énoeng teh? 'Pioendjoek Jakoeb ka ra-
 mana: Simkoering teh Esaoe, tjikal
 ama; simkoering ngalampahkeun sa-
 koemaha lahiran ama ka simkoering
 teja; moegi geura tanghi, linggih, mang-
 ga toewang ijeu beunang simkoering
 moro, sangkan salira ama ngabèrkahan
 20 ka simkoering. 'Ngalahir Ishak ka poe-

trana: Naha, énoeng! mana gantjang
 teuing manggih? Wangsoelanana: Wi-
 reh koe Pangeran, Allah ama, " dipén-
 21 dakkeun ka hareupeun simkoering. 'La-
 hiran Ishak ka Jakoeb: Isér atoe, énoeng!
 koe ama dek dirampaan, maneh
 22 énja anak ama Esaoe, atawa lain. 'Sér
 Jakoeb ngadeukeutan Ishak ramana;
 toeloej dirampaan; ari lahiranana: So-
 rana sora Jakoeb, dèmi leungeunna mah
 23 leungeun Esitoe. 'Anoe matak teu was-
 paoseun, sabab pananganana saperti pa-
 nangan Esaoe saderekna, boeloean; ti-
 24 dinja dibèrkahan. 'Ngalahir Ishak: Na
 maneh énja anak ama Esaoe? Wang-
 soelanana: Soemoehoen, jaktos simkoe-
 25 ring. 'Lahiranana deui: Deukeutkeun ka
 ama, hajang dahar beunang énoeng mo-
 ro, soepaja diri ama ngabèrkahan ka
 énoeng. Pek dideukeutkeun ka andjeun-
 na, seug toewang, malah dibatoeranan
 anggoer, toeloej ngaleueut. *a p. 24: 12.*
 26 Geus kitoe Jakoeb koe Ishak ramana
 dilahiran kieu: Eh, énoeng! isér atoe,
 27 ama geura tjijoem. 'Sér Jakoeb nga-
 deukeutan, bari njijoem ka andjeunna.
 Koe Ishak kaangseu baoening papake-
 anana, sarta toeloej dibèrkahan, kieu
 lahirna: Saénjana, bae énoeng saperti
 bae taneuh, anoe geus dibèrkahan koe
 28 Pangeran. 'Moegi-moegi maneh koe Al-
 lah dipaparin " tji-iboen langit reudjeung
 kalintoehan boemi, masing loba gan-
 29 doem reudjeung anggoer. 'Bangsa-bangsa
 koedoe ngawolaan ka maneh, sarta
 kaom-kaom koedoe njarémbah ka ma-
 neh. *b* Sing djadi kawasa ka doeloer-
 doeloer maneh; sakabéh anak indoeng
 maneh koedoe njarémbah ka maneh. *c*
 Saha-saha noe njapa ka maneh, sing
 disapa deui; djeung saba-saba noe nga-
 bèrkahan ka maneh, sing dibèrkahan
 deui. *a p. 49: 25; 5 Moesa 33: 18, 28; Djak. 8: 12.*
b p. 25: 23. c p. 12: 3.
 30 Geus kitoe, barang Ishak parantos "
 ngabèrkahan ka Jakoeb, kakara Jakoeb
 ka loewar ti pajoeun Ishak ramana,
 djéboel Esaoe saderekna poelang moro.
 31 'Seug eta ge ngadamél kadaharan noe
 ngeunah, toeloej disanggakeun ka ra-
 mana, bari oendjoekan ka ramana: Noen
 ama! moegi geura tanghi, mangga toe-
 wang ijeu beunang moro poetra ama
 teja, sangkan salira ama ngabèrkahan

32 ka simkoering. 'Pok Ishak ramana ngalahir ka dinja: Na maneh teh saha? Wangsoelanana: Noen, simkoering teh poetra ama, tjjikal ama, nja Esaoe teja.

33 'Ngagëbëg Ishak, kaget kalangkoenglangkoeng, angët katjida, bari ngalahir: Na saha atoeah anoe bijeu boga beunang moro, dibawa ka ama? ari koe ama didahar sakabehna, samemeh ënoeng datang, sarta eta koe ama geus dibërkahan, malah-malah dibërkahanana teja

34 tangtoe tötëp. 'Barang Esaoe^b ngareungeu pilahir ramana, gëro bae djëdjëritan liwat saking, mëlas-mëlis, angët katjida. Pok oendjoekan ka ramana: Eh ama! simkoering oge moegi bërkahan. 'Lahiran Ishak: Doeloer ënoeng datang, make malsoe, geus njokot mantên pibërkabeun ënoeng. 'Pioendjoek Esaoe: Paingan dingaruran Jakoeb, da geus doewa kali ijeu ngadjoeligan ka simkoering. Bareto^c njokot katjikalan simkoering, bët ajeuna njokot pibërkabeun simkoering. Pioendjoekna dewi: Naha ama hanteu ngahantjëngkeun bërkah

37 pikeun simkoering? 'Ngawalon Ishak, kijeu walonanana ka Esaoe: Saënjana, eta teh koe ama geus dikawasakeun ka ënoeng, sarta sakabeh doeloerna koe ama geus dibikeun ka dinja, sina djadi abdina, malah-malah koe ama geus didendeul koe gandoem djeung anggoer; djadi ka maneh mah, ënoeng! atoeah

38 ama midamël koemaha? 'Ari pioendjoek Esaoe ka ramana: Naha ama ngan kagoengan bërkah hidji bae? Eh ama! simkoering oge moegi bërkahan. Bari Esaoe nangis sëgrak-sëgroek. 'Ngawalon Ishak ramana, kijeu walonanana ka dinja: Saënjana, ^d piënggoneun maneh djaoeh tina kalintoehan boemi, sarta djaoeh tina

40 tji-iboeun langit ti loehoer. 'Maneh pihiroepun koe lantaran pëdang maneh, ^e djeung bakal ngawoelaän ka doeloer maneh. ^f Dëmi mëngke, dimana maneh ngalantoer, seg maneh bakal ngaragragkeun pasanganana tina poendoek maneh.

^a Ibr. 11:20. ^b Ibr. 12:17. ^c p. 25:29-34. ^d p. 27:28. ^e p. 25:23; 4 Moesa 24:18. ^f 2 Radja 8:20; 2 Bab. 21:8.

41 Ari Esaoe teh giroekeun ka Jakoeb tina hal bërkah, noe koe ramana dianggo ngabërkahan ka dinja teja, sarta Esaoe njaoer sadjéro manahna: Geus deukeut ka mangsa prihatin katilar

ama, heug aing dek modaran ka si Jakoeb, doeloer aing. 'Aja noe ngoeningakeun ka Rabeka eta omongan Esaoe, poetrana noe kolot. Gantjang Rabeka miwarang, ngala Jakoeb, poetrana noe ngora; toeloer misaoer kijeu ka dinja: Masing njaho, Esaoe, doeloer maneh, aja pangarah ka maneh, sëdjana dek maehan ka maneh. 'Ari ajeuna, ënoeng! masing noeroet ka papatah iboe; geura dangdan, koedoe kaboer ka Haran, ^a ka Laban, saderek iboe. 'Seug koedoe tjitjing di andjeunna sababaraha poë, datang ka

45 geus sirna panas-ati doeloer maneh. 'Ari geus datang ka lëmpër ambëk doeloer maneh ka maneh, sarta geus pohoëun ka noe koe maneh dilampahkeun ka dinja teja, geus tangtoe iboe miwarang, ngala maneh ti dinja. Pinahaoneun iboe kalapoeran koe maraneh doewaän dina poë sahidji?

^a p. 24:29.

46 Toeloer Jakoeb mihatoer ka Ishak: ^a Koering geus bosën nja hiroep tina sabab anak oerang Het teja; oepami Jakoeb gadoeh bodjo ka anak oerang Het, anoe sapërtos eta, kaäsoep anak oerang tanah ijeu mah, pinahaoneun koering hiroep?

^a p. 26:34, 35.

PASAL 2S.

Tidinja Jakoeb koe Ishak disaoer; geus kitoe dibërkahan, sarta dipiwarang, kijeu piwaranganana ka dinja: ^a Maneh poma oelah rek boga pamadjikan ka

2 anak oerang Kanaän. 'Geura dangdan, koedoe leumpang ka tanah Mesopotami, ka boemi Bëtöel, ramana iboe maneh, sarta koedoe ngalamar pipamadjikaneun ti dinja, salah-sahidji poetra Laban,

3 anoe saderek iboe maneh teja. 'Ari Allah anoe moerba-wisesa moegi-moegi ngabërkahan ka maneh, sarta maneh moegi didjadikeun baranahan reudjeung didjëngkarkeun; eta maneh sing djadi pa-

4 koempoelan bangsa-bangsa. 'Toer Allah moegi-moegi ka maneh maparin ^b bërkah Ibrahim teja, nja ka diri maneh sarta ka toeroenan maneh barëng djeung maneh, soepaja maneh kawaris ^c tanah pangoembaraän maneh, anoe koe Allah

5 dipasihkeun ka Ibrahim teja. 'Eta kitoe Jakoeb koe Ishak dipiwarang leumpang. Bral Jakoeb angkat ka Mesopotami, ka Laban poetra Bëtöel, oerang Sari, sa-

derek Rabeka, anoe iboe Jakoeb djeung Esaoe teja.

a p. 24:3; Hos. 12:13.

b p. 26:3—5. c p. 17:8.

- 6 Barang geus katangen koe Esaoe, jen Jakoeb koe Ishak dibèrkahan, sarta dipiwarang leumpang ka Mesopotami, ngalamar pipamadjikaneun ti dinja, basana dibèrkahan miwarang ka Jakoeb, kieu piwaranganana: Maneh poma oelah boga pamadjukan ka anak oerang Kanaän; 7 sarta Jakoeb anoet ka ramana djeung ka iboena, ènggeus mangkat ka Mesopotami; 8 djeung katangen koe Esaoe, jen anak oerang Kanaän koe pangraos Ishak 9 ramana garoreng: 'toeloej Esaoe mangkat ka Ismail, seug geureuhaän ka Mahalat poetra Ismail, anoe poetra Ibrahim, a saderek Nèbajot, b ditambahkeun ka geureuhana noe doewa teja.

a p. 25:13; 36:3. b p. 26:34.

- 10 Mangsa Jakoeb geus ka loewar ti Berseba, toeloej angkat ngadjoegdjoeg ka Haran. 11 'Djog dongkap kana hidji ènggon, seug ngarèrèb di dinja, sabab panonpoè geus soeroep; pek njandak hidji batoe tina ènggon eta, diteundeun dina sirahleunana, toeloej ebog, sare di ènggon eta. 12 'Geus kitoe ngimpi; doemadakan, aja hidji taradje, nangtoeng dina boemi, ari tjongona nèpi ka langit; sarta, doemadakan, a para malaikat Allah oeng-gah-toeroen dina eta. 13 'Doemadakan, Pangeran keur ngadég dina loehoereun taradje, sarta nimbalan kieu: Ijeu kami Pangeran, Allah Ibrahim, anoeaki maneh, sarta Allah Ishak; ijeu tanah, noe keur dikédèngan koe maneh, koe kami rek dipaparinkeun ka maneh djeung ka toeroenan maneh. 14 'Djeung deui b toeroenan maneh pidjadieun saperti keusik noe di boemi, nja maneh teh méngke béntjar ngoelon, ngetan, ngaler, ngidoel; malah di djéro maneh sarta di djéro toeroenan maneh sakabehna bangsa di boemi bakal pada kabèrkahan. 15 'Djeung deui, masing njaho, kami teh njarèngan ka maneh; tangtoe kami ngaraksa ka maneh, ka mana bae maneh nja pileumpangeun, sarta maneh koe kami méngke dipoelangkeun deui ka tanah ijeu; karana maneh koe kami moal diti-lar, tangtoe datang ka diboeuktikeun sa-koer anoe koe kami geus diandikakeun ka maneh.

a Joh. 1:52. b p. 22:18.

- 16 Ana Jakoeb lilir tina sarena, pok nja-oer: Saestoena, Pangeran linggih di ènggon ijeu, ari koe aing hanteu kanjahoaan. 17 'Sarta Jakoeb sijeuneun, saorna: Ijeu ènggon matak sijeun katjida! Di djeu moal lijan ti gedong Allah, sarta di djeu 18 lawang sawarga. 'Ari geus braj isoe, Jakoeb tanghi, top njandak batoe noe diteundeun dina sirahleunana teja, a di-tangtoengkeun didamél toetoenggoel, bari dikoetjoeran minjak di loehoerna. 19 'Toeloej eta ènggon koe Jakoeb dingaranan Bet-El; ari tadina ngaran eta na-gara Loes. 20 'Djeung deui Jakoeb ka loewar nadar, kieu panadarna: Manawi Allah njarèngan ka simkoering, kalijan ngaraksa ka simkoering dina ijeu djalan anoe koe simkoering keur dilakonan, sarawoeh ka simkoering maparin pangan baris tédæun sarèng sandang baris pa-keun, 21 'toer simkoering dipoelangkeun deui ka imah poen bapa kalawan kasalametan: geus kitoe Pangeran bade Allah simkoering, 22 'sarèng ijeu batoe, noe koe simkoering geus ditangtoengkeun didjieu toetoenggoel teh, b bade gedong Allah; malah ti saniskantén, anoe koe andjeun dipasihkeun ka simkoering, tinangtos simkoering njanggakeun c sa-pperoeloehna ka andjeun.

a p. 31:45. b p. 35:6, 7. c p. 14:20.

PASAL 29.

- Tidinja Jakoeb djoeng deui lakoena, kèbat angkatna ka tanah oerang wetan. 2 'Hidji waktoe ningali, beh hidji soemoer di tègal; sarta doemadakan, di dinja aja tiloe goendoekan domba, keur ngabarak deukeut soemoer; karana sakabeh goendoekan diinoemanana nja tina eta soemoer; sarta ari batoe toetoep lijang soemoer teh gède. 3 'Sakabeh goendoekan sok dikoempoelekeun ka dinja, seg djalmana ngadjoengkatkeun eta batoe tina lijang soemoer, bari toeloej pada nginoeman dombana; geus kitoe batoena diteundeun deui dina lijang soemoer, dina 4 ènggonna. 'Pok Jakoeb misaoer ka taroekang ngangon: Eh doeloer-doeloer! maraneh oerang mana? Wangsoelanana: Soemoehoen, a koering oerang Haran. 5 'Saoer Jakoeb ka darinja: Koemaha maraneh wawoeh ka b Laban poetra Nahor? Wangsoelanana: Soemoehoen, térang.